# ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

# ÁJINIYAZ ATINDAǴÍ NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALÍQ INSTITUTÍ

**«Súwretlew óneri hám texnologiyalıq tálim»** fakulteti

**«Miynet tálimi» kafedrasi**

# *PITKERIW` QÁNIGELIK JUMISI*

**Tema: Miynet sabaqlarında xalıq ónermentshiligi buyımların bezew usılların úyretiw metodikası**


Orınlaǵan: S.Romanova

Ilimiy basshı: t.i.k. dots.B.İbragimov

Kafedra baslıǵı: f-m.i.d .B.Dawletmuratov


NÓKIS-**2021**

**Tema. Miynet sabaqlarında xalıq ónermentshiligi buyımların bezew usılların úyretiw metodikası**

## Jobası

**Kirisiw**

**I-BAP. XALIQ ÓNERMENTSHILIGI BUYIMLARÍNÍŃ TARIYXI HÁM RAWAJLANIWI**

I.I. Xalıq ónermentshiligi buyımlarınıń rawajlanıw tarıyxı.

I.II. Miynet sabaqlarında xalıq ónermentshiligi buyımların tayarlawdıń áhmiyeti.

**II. XALIQ ÓNERMENTSHILIGI BUYIMLARIN BEZEW USILLARI**

II.I. Miynet táliminde dógerek jumısların shólkemlestiriw

II.II. Nağısshılıq óneri haqqında túsinik.

II.III.Nağis elementlerin sızıw (Nağıs elementleriniń tımsalıy mánisleri).

II.IV.Nağısshılıq ónerinde paydalanılatuğın materiallar hám ásbaplar.

II.V. Atamalardiń túsindirme sózligi

II.VI. Sabaq islenbe.

**Juwmaqlaw**

**Paydalanılğan ádebiyatlar**

# Kirisiw

Ózbekstan Respublikasınıń «Bilimlendiriw haqqında»ǵı 2020-jıl 23-sentyabrdegi nızamında tálim sistemasınıń formasın hám mazmunı reformasın kún tártibine qoyılıp .

Bilimlendiriw sistemasındaǵı reformalar óz aldına pánlerdi ózine tán usıllar menen oqıtıwdi talap etedi. Ustazdıń kásiplik paziyletleri: ańsat jol menen quramalı bilimlerdi shákirtlerge úyrete alıwı, barlıq óner hám pán túrleri boyınsha belgili bilimge iye bolıwı, qısqa waqıtlarda shákirtlerdi qadaǵalay alıw pazıyleti, shákirtlerdi uyımlastıra alıw, dawıs tolqını, reytmi, tempi, jiyelikke iye bolǵan dawıs tolqını óziniń jeke qásiyetleri, bilimi,aqıl parasatlıǵı, abroy arttırıwı, uqıplılıǵı jaslar menen qarım qatnas ornata alıwı háreketleri hám islegen jumısları boyınsha keleshekti kóz aldına keltire alıw qásiyeti, dóretiwshilik qásiyeti hám jaslarǵa bar miyrimi menen tálim-tárbiya úyrete alıwı ózinen keyin sadıq shákirtler qaldırıw hám basqalar ustaz shákirt múnasabetin qáliplestiredi.

Qádimde ata-babalarımız ustaz shákirt dástúrleri tiykarında jaslarǵa óner úyretken hám bul boyınsha úlken tájiriybe toplaǵan hám búgingi kúnde bul miyras hám tájriybeler keń paydalanılmaqta. Ustaz-shákirt dástúrlerin tereń biliw oqıwshı jaslarımızdıń ádep ikramı hám bilimi, ruwxıy jaqtan qaliplesiwine járdem beredi. Onnan oqıw orınlarında, mekteplerde, ónermentshilik ustaxanalarında hám basqa tálim mekemelerinde paydalanıw múmkin[9].

Insannıń kamillik dárejesine jetisiwinde, dóretiwshilik pikirley alatuǵın, alatuǵın shaxs bolıp qáliplesiwinde miynet tálimi pániniń ornı, ózine tán roli bar, buni naǵısshılıq túri jáne de bayıtadı. Búgin naǵısshılıq óneri jas áwladtı estetikalıq tárbiyalaw menen birge, watanımızǵa muhabbat, ruwhıy, mádeniy miyrasımızdan maqtanıw, ǵarezsizligimizdi túrli háreketlerden asıraw hám bekkemlew, milliy dástúrler, qadriyatlar ruwhında tárbiyalaw, milliy ózlikti ańlaw, ruwhıyat tarbiyasin óz ishine aladı hám miynet tálimi sıpatında joqarı sezimlerdi oqıwshılar ańına sińdiredi.

# I-BAP. XALIQ ÓNERMENTSHILIGI BUYIMLARÍNÍŃ TARIYXI HÁM RAWAJLANIWI

## I.I. Xalıq ónermentshiligi buyimlariniń rawajlaniw tarıyxı.

Ilim-pán, kórkem-óner gúllep jasnaǵan Amir Temur hám temuriylar dawirinde kórkem-ónerdıń ustashılıq, ámeliy kórkem-óner túrleri boyinsha júdá kóp kórkem-óner shıǵarmalari jaratilip, úlken jańalıqlar qılındı. Usı dawirde qurılǵan barlıq maxbara hám medreselerdi gúzetetuǵın bolsaq, olardıń formasi hám bezeklerinde naǵısshılıq óneri hám óz ornın tapqanliǵınıń gúwası bolamız. Úlgiler hám maslamalar járdeminde islenetuǵın túrli geometriyalıq naǵıslardıń jaratılǵanlıǵı buǵan mısal bola aladı[3].

XV-XVI ásirlerde jasaǵan qılqálem ustalari Mirak naǵısker, Sultonali Mashshadiy, Kamoliddin Behzodtıń gózzal kórkem-óner shıǵarmalarında, kórkem quriw-jasaw óneri qollanıladı hám rawajlanadı[4].

XVIII-XIX ásirge kelip basqa tarawlar sıyaqlı kórkem - ónerge itibar páseyip ketti. Sebebi jámiyette bóliniw, ózara urıs-jánjeller, aymaqshılıq baslanip atırǵan edi.

Kórkem-óner túrlerinen naǵısshılıq, háykelshilik, ámeliy óner menen ózara baylanisli, naǵısshılıq ónerinen bilim beriw, dóretiwshilikti, aqildi, pikirlewdi ósiriwde úlken áhmiyetke iye bolip esaplanadi.

Búgingi kúnde kórkem naǵısshılıq dógerek jumıslari birqansha jetilisip, qániyge alimlar tárepinen jańa formasi, jónelisleri isleb-shiǵildi hám isletilip atir. Ásirese taraw alimi S.Bulatov hám Q. Qosimovlar tárepinen belgili isler ámelge asirildi[10].

Naǵısshilıq óneri oqıwshilarin pikirlewge, dóretiwshilikke, oylawǵa úyretedi hám kórkem-ónerdıń bir qansha túri menen óz ara baylanisli eken, bul qiziqli kórkem-óner túri búgúngi kúnde hám aktul bolip kelmekte. naǵısshilıq dógereklerin litceylerde uluwma bilim mekteplerinde tash3illashtirilsa, mamlakatimizda tafakkuri keng ijodkor áwladtı qáliplestırıwde úlken áhmiyetke iye boladı.

Miynet tálimi hám tarbiyasi mazmunida milliy xalıq ámeliy óneri miyrasimiz penen birgelikte uliwma miynet tálim qánegeligi hám metodikaǵa suyeniw lazim. Miynet tálim páni

pedagogin tayarlawda tálim mazmunınıń zárúr bağdarlari, uliwma miynet hám milliy dástúrlerinıń ustemligine amel qiliw lazim.

## I.II. Miynet sabaqlarinda xalıq ónermentshiligi buyimlarin tayarlawdiń áhmiyeti

Miynet tálimi páninde, oqıwshılardı milliy ónermentshiligimiz tariyxı, onıń bağdarları, rawajlanıw basqıshları, tarmaqları menen tanıstırıw, sonday-aq, ózbek hám qaraqalpaq milliy xalıq ónermentshiliginiń: ağash oymashılığı, ganchkarlıq, nağıskerlik, zerdozlıq, kesteshilik, gilem toqıw sıyaqlı tarawları sırların úyretiw, milliy qadriyatlarımızdı ardaqlaw, olar menen maqtanıw, ğurırlanıw sezimlerin rawajlandırıw, áwlatdan-áwlatqa ótip kiyatırğan xalıq ónermentshiligi ustalarınıń múnásip dawamshıları bolıw, jaratıwshańlıqqa, gózzallıqqa umtılıw sıyaqlı sezimlerdi qáliplestırıwden ibarat bolıp esaplanadı[14].

Bul jumıslar-miynet sabaqlarında oqıwshılarında kásipke degen qızığıwshılığin tárbiyalaw, olarğa bay milliy qádiriyatımız, úrp-ádetlerimiz, dástúrlerimiz hám ónermentshiligimiz tarmaqlarin: nağıskerlik, ağash oymashılığı, ganchkarlıq, zergerlik tarmaqların qayta tiklew hám rawajlandırıw basqıshları menen tanıstırıw.

Sonday-aq aldımızğa tómendegi wazıypalardı alğa qoyadı:

- qolda orınlanatuğın jumıslar ushın jumıs orınların shólkemlestırıw;
- qol jumısların orınlay alıw;
- keste tigiw usılların, zerdozlıq, quraqshılıq texnikasın tuwrı tańlay alıw kónlikpelerin payda etiw bolıw esaplanadı.

### Miynet sabaqlarında oqıwshılardıń bilimine, kónlikpe hám tájiriybe qoyılatuğın talaplar

– xalıq ónermentshiligi haqqında ulıwma túsinikler; milliy ónermentshilik tiykarlari; túrli milletler xalıq ónermentshiligi túrleri ***haqqında túsiniklerge iye bolıwı kerek;***

– ózbek hám qaraqalpaq milliy xalıq ónermentshiligi túrleri, kesteshilik tariyxı, paydalanılatuğın materiallar, ásbap úskeneler, keste tigiw texnologiyası; zerdozlıq tariyxı, paydalanılatuğın materiallar, ásbap úskeneler, zerdozlıq tigiw

usılları hám texnologiyası; taqıyadozlıq tariyxı hám rawajlanıwı, ólshey alıw hám andaza tayarlaw, paydalanilatuǵın materiallar, ásbap úskeneler, taqıya tigiw usılları hám tayarlaw texnologiyası; quraq tigiw usılları hám tariyxı, gezleme tańlaw, andaza tayarlaw, tigiw texnologiyası; aǵash ustashılıq texnologiyası haqqında maǵliwmat, aǵash oymashılıǵı texnologiyası; slesarlıq texnologiyası, pıshaqshılıq texnologiyası, sandıqdozlıq texnologiyası, naǵıskerlik texnologiyası, ganchkarlıq texnologiyası, zergerlik texnologiyasın ***biliwi, tájiriybe payda etiwi hám ámelde qollay alıwı kerek;***

– xalıq ónermentshiligi usılıda buyım tayarlaw; xalıq ónermentshiligin zamanagóy dizayn talapları menen úylestırıw; xalıq ónermentshiligi ushın materiallar tańlaw; tigiw buyımların zamanagóy dizayn tiykarında ózbetinshe tayarlay alıw; xalıq ónermentshiligi ushın kerekli ásbap úskenelerden paydalanıw ***kónlikpelerine iye bolıwı kerek***.




**1-súwret.Xalıq ónermentshiliginde naǵis salıw usılların paydalanıw**

## II.XALIQ ÓNERMENTSHILIGI BUYIMLARIN BEZEW USILLARI

### II.I. Miynet táliminde dógerek jumıslarin shólkemlestırıw

Kórkem ámeliy óner ustashilıqtan shólkemlestiriletuǵin dógerekler uliwma orta tálim makteplerinıń barlıq klasslarin óz ishine aladi.

Olar kishi (1-4-klasslar) orta (5-7-klasslar) úlken (8-9-klasslar) toparlardan dúzilgen boladi hám olar reńli súwret, háykelshilik, grafika, naǵisshilik, ganchkarlıq, miskerlik, kesteshilik, aǵash oymashiliǵi, sonday-aq ustashilıq ónershiliktiń dógeregi esaplanadi. Dógerekler ónernıń ol yáki bul túri yáki janri tiykarinda da shólkemlestiriliwi múmkin. Bul dógereklerdiń túrleri olarǵa ajiritilǵan saatlar kólemi hám tálim mazmuni bolalardıń qálewleri meyilleri hám mektep imkaniyatlari balalardıń jaslıq qásiyetlerinen kelip shiǵip belgilenedi. Mektep dógereklerinıń maxset hám waziypalari tiykarinan balalardıń kórkem dóretiwshilik qábiliyetlerin rawajlandiriw esaplanar eken olardı belgili reja tiykarinda hár dayim alip bariliwi talap etiledi. Dógerekler hár-bir mektepte ónerdıń túrleri toparlar bolıwına bir yáki bir neshe bolıwı múmkin. Uliwma orta tálim mekteplerinde dógerek basshisiniń tiykarǵi itibari tómendegilerge qaratiladi. Súwretlew yáki ámeliy kórkem-óner dógereklerine qiziǵiwi hám qábileti bar oqıwshilar qabıl qilinadi hám hár bir toparda olardıń sani 10, 15 ten aspawi kerek. Bolmasa olar menen alip barilatuǵin jumıslardiń sani sapasi páseyip ketedi.-dógerekte balalardıń qiziǵiwi, aqli, dóretiwshilik tájriybeleri, dóretiwshilik qábiliyetleri úyrenilip hám belgili waqit ishinde sinawdan ótkerilip qabıl qilinadi. Dógereklerde miynet tálimi mazmuni ayriqsha itijapıraq’a ilayiq. Tálim mazmunıń tuwri belgileniwi dógerek jumısin zárúr ahimiyetin taminleydi. Sonıń ushın basshi bar dástúrlerdi úyrenip shiǵiwi hám sol tiykarda ózinıń jasaw sharayatlari balalardıń tayarliǵi hám imkaniyatlarin materiallıq texnikalıq tiykariniń barliǵina qarap tálim mazmunina baylanisli óz rejasin islep shiǵadi. Dógerekler súwretlew hám ámeliy ónernıń qaysi túri yáki janri bolıwına qaramastan ol ámeliy hám teorialıq bóleklerden duzilgen boladi. Dóretiwshilik ónerden ámeliy jumıslar uzliksiz naturaǵa qarap suwret islew kompazitsiyasi suwret ulgilerdi kóshiriw sıyaqlı baǵdarlarda ámelge asiriladi. Ámeliy ónerge baylanisli (naǵishlıq, ganchkarlıq aǵash oymashiliǵi, gulalshilıq,

miskerlik, kesteshilik ham t.b.) dógereklerde balalar naǵis ulgilerinen kóshirip alıw óz betinshe dóreiwshilik kompazitsiyalar islew menen shuǵilanadi[10].

Bunday sabaqlarda oqitiwshi suwretlewdiń teoriyalıq tiykari esaplanǵan jariq saya, perspektiv hám, reńlelilik nizamlarinada ayriqsha itibar beredi. Bul nizam hám qaǵiydalaǵa baylanisli arnawli shınıǵıwlar shólkemlestiriliw mumkin. Oqitiwdiń barlıq talaplari ushın zarur sharti qalıq ámeliy kórkem ónerin ózlestırıw menen birge oqıwshi hám jaslarǵa hár tarepten uyrete alıw usillarin iyelew.

Dóretiwshilik kórkem óner hám ámeliy kórkem óner pedagogikasi qanigeliginde kórkem talim mazmuni tómendegishe shólkemlestirilgen.

Xalıq ámeliy óneri ozine mas juda kóp ulgilerge, reńbe-reń turlerge iye.

Dóretiwshilik kórkem óner oqitiwshilardiń iskerligi menen uzliksiz baylanisli bolǵan hámde mektep, litsey kolledj talimi mazmunin alip bariwda ámeliy sanaattiń naǵishlıq, ganchkarlıq hám kórkem bezektiń basqa kórinisinde payda boladi. Demek, suwretshi pedagog sol kórinislerdiń birin óz sharayati, qalewi, sabırliliǵi hám qiziǵiwina qarap birewin tańlap alip óniń tarıyxı, dawamshilari kimligin, ónerdi jaratiwdaǵi sirlarin quramali ózlestiriliwi lazim. Eger tańlaǵan ámeliy kórkem óner túri <<Naǵisshilıq >> bolatuǵin bolsa, bul ónerdi ózlesitirip alıw ushın tómendegi talaplar qoyiladi.

-naǵisshilıq óneri hám olardıń ómirimizde tutqan orni

-naǵisshilıq ónerinde isletiletuǵin asbap uskeneler hám paydalaniw jollari

-naǵis elementlerin uyreniw, dóretiwshilik kompazitsiya duziwde paydalaniw qaǵiydalari

-naǵis kompazitsyasin turli jerlerge maslastirip duziw jollari hám usillari

-naǵista reń hám boyawlardi tańlaw hám isletiw sirlari

-naǵis sirlarin oqıwshi jumıslarina uyretiwdiń metodik tareplerin biliw[11].

Dóretiwshilik kórkem óner túrleri boyinsha alip barilip atirǵan dógerekler jumısinda ózbek xalıq ámeliy bezek óneri dógerekleri yriqsha itijapıraq`a ilayiq.Ózbek xalıq ámeliy bezek óneriniń hár turliligi insandi ózine qaratadi hám oǵan qarata qiziǵiw oyatadi. Ózbek xalıq ámeliy bezek óneri dógeregi dóretiwshilik kórkem óner

sabaqlarinda alinip atirǵan bilimlerdiń dawami. Xalıq ámeliy bezek óneri dógerekleri sol ónerge qiziǵiwshilardiń qalewi menen jiynalǵan birlespe bolip tabilad. Xalıq ámeliy bezek óneri dógereklerinde bul kórkem óner sirlarin arnawli ilimiy hám ámeliy tiykarlanǵan dastur tiykarinda uyretiledi.

Xalıq ámeliy bezek óneri dógerekleriniń maqseti:

Dógerek atraptaǵi waqiya hám qadiselerdi, gozzallıqlardi seze biliwge, olardan zawiq alıwǵa hámde olarǵa tuwri baha beriwge uyretiw;

Qatnasıwshılardi aqiliy tárepten adepli, miynetkesh qilip estetikalıq ruxta tarbiyalaw;

Qatnasiwhilardiń izleniwshilik hám jaratiwshilıq qabıletlerin asiriw;

Ónerge bol`an qiziǵiwshiliǵi;

Xalıq ámeliy bezek ónerine boǵan muxabbatin oyatiw.

Xalıq ámeliy bezek óneri hám oniń túrleri, orınlaw texnologiyası hám tajribelerin formalastırıw, miynetke bolǵan muxabbatin tarbiyalaw hám de keleshekte kásip tańlawǵa járdem beriw hám basqalardi názerde tutadi.

Maqsetti ámelge asiriwda dógerek qatnasıwshılardiń jasi, qabıleti hám bilim darejesi esapqa alinadi. Dógerek basshisi qantasiwshilardiń jasi, qabıleti hám bilim darejesin uyrenip, olardı kishi toparlarǵa, orta topar hám úlken toparlarǵa bóledi.

Kishi gruppaǵa jańa qabıl qilinǵan qatnasıwshılar bir jil qatnap, keyin orta toparǵa ótedi, olarda bir jıldan keyin úlken toparlarǵa ótedi.

Bir jillıq shınıǵıwlar ushın kishi gruppaǵa 144 saat, úlken toparǵa 266 saat, orta toparǵa 216 saat ajratıladi. Bir háptede kishi toparǵa 2 saattan 4 saat, orta hám úlken toparda 3 saattan 6 saat shiniǵiw ótkeriw usinis etedi. Xalıq ámeliy bezek óneri shiniǵiwin otkiziw ushın eki (úlken hám kishi) bólme ajratw lazim. Úlken bólmede teoriyalıq shınıǵıwlar ótkeriledi. Bólme keń hám jariq, taza bolıwı kerek. Xalıq ámeliy

bezek óneri dógerek shınıǵıwlari alip barilatuǵin bólmede tómendegi buyimlar bolıwı usinis etedi:

-umuvalnik,stol-stollar , doska:

-dógerek múyeshi (bunda dógerek tarıyxı, sabaq kestesi, nawbetshi waziypalari, dógerek aktivistleri hám basqalar jaylastirilǵan boliw kerek);

-xalıq ámeliy bezek óneri hám oniń túrlerine baylanisli stendr shólkemlestırıw;

-stellaj hám shkaflar, epidiaskop, diaskop hám basqa texnik asbaplar;

-bólmeni jaritatuǵin lampalar;

-aynalarǵa eki turli, birewi apiwayi perde bolsa, ekinshisi diafilm hám slaydta yaki kino kórsetiwde jawip qoyilatuǵin perde boliw kerek;

-xalıq ámeliy bezek ónerine baylanisli albomlar, kitaplar, awdarmalar, ustalar jumısina baylanisli stentlar; aptechka qutisi, diywalli gazetalar hápte jańalıqlari, gazeta mahalalari ushın taxta (sońgi háptedegi jańalıqlar qoyiladi hám t.b.)

Xalıq ámeliy bezek óneri dogerek shınıǵıwlarin arnawli orta hám joqari oqıw ornın tamamlaǵan qanegeler, xalıq ámeliy bezek óneri ustalari alip bariliw mumkin. Dógerek basshi qatnasıwshılardi gruppalarga bóliwde de bir gruppada 12 -15 qatnasiwshi bolıwın názerde tutıw lazim. Sonday-aq dógerekke qatnasıwshılardi tartiw aldin basshi barlıq sharayatlardipayda etiwi, sońnan basshi dógerek shólkemlestirgenligi haqqinda daǵaza jazip, orınlarǵa asiw, jaqin atraptaǵi orınlarǵa barip, orınlardagi kásiplik awqam shólkemleri aǵzalari, mektep basshisi menen sóylesilip, birgelikte túsindiriw jumıslari alip bariwi lazim. Bul jaqsi nátiyje beredi. Birinshi shólkemlestirilip atirǵan dógerekke júdá kóp qatnasıwshılar jaziladi, biraq dógerek basshi bólek xat dúzip, qatnasıwshılardiń ismi, familiyasi, islewi, oqıwi, turar jayin, mektep oqıwshisi bólsa, ata-anasi haqqinda maǵlumatlardi jazip bariwi kerek. Bizge belgili mektep oqıwshilari (11—12 jasdaǵi) hámme nársege qiziǵiwshan bolip, olar basqa dógerekke aǵza bolıwı múmkin.Soniń ushın basshi oqıwshilardi dógerekke tańlap alıwda qatti itibar beriw kerek. Dógerekten shetlestiretuǵin qatnasıwshılardi, bul jumısqa jaramsiz yáki qolinan kelmegenin

aytip, basqalar aldinda uyaltirmawi kerek, kerisinshe, oni basqa dógereklerge qatnasiwin tusindiriwi úlken áhmiyetke iye. Sınaw múddetinde bazı bir qatnasıwshılar óz qábiletlerin dárhal kórsetpewi de múmkin. Soniń ushın qábiletlerinen tez juwmaq shiǵariwǵa asiǵiw kerek emes. Dógerekke jaqsi qatnasiwin ózlestırıwi, shınıǵıwlardi qiziǵarlı, anıq, faktlerge tiykarlanǵan bolıwına basshi tárepinen tuwri talap qiliwina dógeek hayati hám oniń waziypalari haqqinda tolıq túsindiriliwine baylanisli. Dógerek basshi kishi gruppa qatnasıwshılarina ayriqsha áhmiyet beriw zárúr, yaǵnıy oqıw dógerek shınıǵıwlarin ózlestırıwi, sebepsiz qaldırmawı sıyaqlı máselelerdi baqlawı kerek. Dógerek shólkemlestirgende sóń gruppa basshilari hám aktivleri saylanadi. Gruppa basliǵin saylawda qatnasıwshılar ishinde abroyli, qolinan jámiyetlik jumıslar keletuǵin, har tárepleme ulgeriwshi , basqalarǵa úlgi bolatuǵin qatnasiwshi saylanadi . Saylanǵan gruppa basliǵi dógerek basshiniń órinbasari esaplanadi, ol qatnas, tazalıq, nawbetshilikti tekserip baradi. Aktiv bolsa barlıq dógerek hayatin sholkemlestırıw jumıslarindatiykarǵI járdemshi. Basshi barlıq dógerek aktivlerin jumısi ústinde baqlap bariwi lazim.

Bul baqlaw aktiv qatnasıwshılariǵa isengen halda olardı tuwri jolda bariwlarina járdem beredi. Shınıǵıwlardan soń ustaxanani tez-tez tazalap turiwin tuwri keledi. Buniń ushın náwbetshilerge grafigi dúzilip, dógerek múyeshine ilinip qoyiladi. Nawbetshiler xanani tártipke salip, kelesi shınıǵıwlarǵa tayarlap qoyadi. Nawbetshi eki oqıwshidan ibarat bolǵani maqul.

Dógerek hayatinda arasinda ayrim hallar bólip turadi, onda dógerek basshisi qatnasiwshini bir gruppadan ekinshi gruppaǵa otkiziliwi múmkin.Máselen, orta gruppadan jaqsi ózlestirilip atirǵan qatnasıwshılar úlken gruppaǵa hám kerisinshe ulgermeyatqan qatnasıwshılardi kishi gruppaǵa ótkeredi. Bunday hallarda qatnasiwshiniń kewline tiymeytuǵinday qilip jumıs tutuiwi lazim. Dógerek shınıǵıwlari belgilengen sabaq tártibi boyinsha belgilengen ráwishte alip bariladi. Basshi hár bir shınıǵıwlarǵa tayarlıq kórgen halda aldiniraq keliwi xana sharayatin hám qatnasıwshılardi bolajaq shınıǵıwlarda qanday jumıslar qiliwin aldiniraq kúzetip shiǵadi. Basshi shınıǵıwlar sharayatin har bir qatnasiwshi bólek arasinda

uliwma kórsetpe berilip bariladi. Kompozitsiya sizilip atirǵan qatnasiwshiǵa ózbetinshe jumıs alip bariwi ushın oǵan tiykarǵI hám uliwma túsinikler beriledi. Asbaplardi tuwri uslawdan baslap jumısqa pardoz beriwge ahmiyet beriliwi túsindiriledi. Hár bir saatda 5—10 minutlıq dem alis beriwi zárur , sebebi sharshawi,aqılsiz jumıslar qiliwina alip keledi, bul bolsa qatnasıwshılardiń psixalogiyasına tásir etedi. Soniń ushın shiniǵiw waqtinda xalıq ámeliy bezek óneri haqqinda sóylesiw yaki oniń ustalariniń ómirin sóylep beriw maqsetke muwapiq boladi. Basshi dógerek qatnasıwshılari menen menen islewde tómendegi prinsplerge amel qiliw kerek:

- shiniǵiwdiń jónelisi qatnasishilardi kamunistlik ruxta tarbiyalawǵa qaratilǵan bolıwı;
- qatnasıwshılardiń qabılet darejesin hám óziniń qiziǵiwlarin esapqa alıw;
- dógerek jumıslari xámmege hám jámiyetke paydali bolıwı ;
- dógerek qatnasiwshiladiń óz betinshelikke, dóretiwshilik qabıletin hám shólkemlestirilgenligine qaratilǵan bolıwı kerek.

Dógerek shınıǵıwlarin dastúr tiykarinda tómendegi táripte alip bariwi usinis etiledi.

Kishi gruppa qatnasıwshılarǵa óner, kórkem óner túrleri, asbap úskeneler hám basqalar úyretiledi

Orta gruppa qatnasıwshılar tiykarinda kishi gruppada alǵan bilimlerin bekkemleydi, hár túrli mashaqatli buyimlar jasaydi, naǵislar sizadi.

Dógerek shınıǵıwlarin tuwri shólkemlestırıwde botanika, geometiya, geografiya, tarix, tabiyat, matematika, ana-tili, fizika hám basqa predmetler menen kógizbeli úlgiler arqali baqlaniwi lazim. Dógerek shınıǵıwlarin dastúr tiykarinda tómendegi tártipte alip bariwi usinis etiledi.

Dógerekti jaqsi alip bariw ushın basshi zamanagóy didaktikani jaqsi biliwi, oni ámelde dóetiwshilik qollay biliwi, pedagog xizmeti didaktikasi tómendegishe:

Tálim hám tarbiyaniń birligi, ilimiy bolıwı, kórgezbelilik, ańlilıq, aktivlik ham ózbetinshelik, tálimniń sistemali hám izbe-iz bolıwı qatnasıwshılarǵa mas bolıwı onnan bilim, kónlikpelerin puxta bekkem ózlestırıwi ámeliy hám baylanisli

bolıwı, tálim beriwde hár qaysi oqıwshilarga mas belgilerdi esapqa aip úyreniw prinsplerge ámel qiliw záúr. Psixologiya soni kórsetedi, qatnasiwshinin kórinisi, esitiw, dám biliw hám seziw organlari qansha kóp qatnassa, shonsha bilim, kónlikpe hám tájriybeleri jaqsi formalanadi. Sonday eken dógerek basshi kórgizbeli qurallardan unemli paydalaniwi kerek. Ol tek ǵana qatnasıwshılardıń jumıslarin kórsetip ǵana qalmastan, bálkim ózi yáki qatnasıwshılar menen tayarlanǵan plakatlar, súwretler hám bezek materiallardan paydalaniwi kerek[11].

Ózbek xalıq ámeliy bezek óneri dógereklerinde tómendegi kórgizbeli qurallar bóliwin shama menen usinis etemiz..

**Kishi gruppa ushın:** Temalarǵa baylanisli plakatlar, slaydalar hám diapozitivlar.

aǵash, tas, suyek, gulal óymashiliǵi hám basqalarda isletiletuǵin asbaplarǵa tiykarǵi stendlar,plakatlar, hám slayidlar, texnika qawipsizligine arnalǵan plakatlar, xalıq ustalarina baǵishlanǵan foto plakatlar hám basqalar.



2-súwret.Xorezmli xalıq ustasi A.Yakubov shiniǵiw alip barmaqta.


3-súwret.Tashkentli Aǵash oyıwshi usta Maxsud Qasimov



4-súwret.Naǵısker usta Yakubjon Raupov



5-súwret.Tashkentli belgili naǵısker Olimjon Qosimjonov

**Orta gruppa ushın:** Ustalardiń naǵis kompozitsiyalarina arnalǵan plakatlar, kulalshilıqta, aǵash oyiwinda, gulalshilıqta isletiletuǵin naǵis kompazitsiyalari, kórinisi hám oniń túrlerine arnalǵan plakatlar, tuwisqan xalıqlar ámeliy ónerine arnalǵan plakatlar, xalıqlariniń aǵash, suyek, tas hám basqalarda isletiletuǵin naǵis elementleri qatnasıwshılardi kompozitsiya jumıslarinan úlgiler.

**Úlken gruppa ushın:** aǵash oyiwshiliǵina maslap isletiletuǵin naǵis kompazitsiyasi, gilemge maslap sizilǵan shiyki úlgileri, girih elementleri hám kompozitsiyalar isletiwge arnalǵan plakatlar, súyek, aǵash hám ganch oymashiliǵinda islengen pánjereleriniń (reshyotka) fotolarinan tayarlanǵan plakatlar, qırıw ushın arnalǵan plakatlar, óyma xantaxtalar orınlawǵabaylanisli plakatlar.



5-súwret. Xalıq ámeliy bezek óneri

Xalıq ámeliy bezek óneri dógerek shınıǵıwlarin jaqsi shólkemlestırıwde texnika úskeneleri jetekshi rol` óynaydi. Kóp ǵana dógereklerde arnawli ustaxana hám kabinetler ajratilǵan bolsada, biraq texnikanıń arnawli uskeneler, máselen kinoapparat, epidiaskop, televizor, diaskoplar menen táminlenbegen. Texnika úskenelerinen paydalaniw qatnasıwshılardıń bilimin bayitadi, ónerge bólǵan

qiziqiwin asiradi. Dógerek qatnasıwshılarina bilim beriwde kórkem-óner haqqinda sáwbatler ótkizip túriw úlken ahimiyatke iye. Qatnasıwshılardi zeriktirip qóymaw ushın kórgizbeden tuwri paydalaniw hám sáwbet ótkiziw usinis etiledi.

Xalıq ámeliy bezek ónerinıń ómirde tutqan órni, túrleri, Usta Qodirjon Haydarov, Tashkent gulalshilıq mektebi, ganch oymashilıq usta Shirin Murodov, nağıslardi ózbek arxitektura esteliklerinde qóllaniliwi, girih hám oniń qóllaniliwi, tuwisqan xalıqlar ámeliy óneri, ShohiZinda, Q. Yusupov hám H. Toxirovlar dóretiwshilik portreti hám basqalar, Mahmud Usmonov doretiwshiligi hám arxitektura estelikleri, ağashlarda aytilğan arzular, estelikleri, Samarqand[3].

Dógerek tarbiya jumıslarinıń eń qiziğarli hám mazmunli formalarinan biri ekskursiya. Ekskursiya qatnasıwshılarinıń dógerek shınıǵıwlarinda alğan bilimlarin bekkemleydi, dunyaga koz qarasin qáliplestiredi hám alğan tásirleri olardıń dóretiwshilik qábiliyetin asiradi. Ekskursiya dógerek shınıǵıwlari dastúrindegi qálegen temani keńirek úyreniw ushın shólkemlestiriledi. Dógerek basshi qatnasıwshılardi xalıq ámeliy óneri muzeyine, tariyx muzeyine, tabiat muzeyine, xalıq ustalari jumıslarinıń ob`ektine, qońsi dógereklerge hám kórgezbelarge, Samarqand, Buxoro, Xiwa hám basqa qalalarğa ekskursiyalarğa alip bariwi múmkin. Ekskursiya waqtinda dógerek qatnasıwshılari kórgen hám tanisqan shığarmalardan ulgiler kóshirip alıwlari múmkin, bul bolsa olardıń bilimin bayitadi, ónerge bolğan qiziğiwin asiradi. Ekskursiyani dógerek basshisi yáki muzey ekskursovodlari alip bariwlari mumkin, bunda qatnasıwshılar xalıq ámeliy bezek óneri haqqinda tereńrek tusinikke iye boladi. Bizge belgili, barlıq kórkem-óner túrleri sıyaqlı ózbek xalıq ámeliy óneri hám ózine mas terminlarge iye. házir alip barilip atirğan xalıq ámeliy óneri dógereklerin qanatlandirarli ahwalda emesliginıń sebeplerinen biri, xalıqimiz ásirlar boyi dóretiwshilik miyneti nátijesinde jaratilğan xalıq ámeliy bezek óneri terminlarin jaqsi úyrenilmey atirğani esapalandi Usi zat belgili boldi, qatnasıwshılar terminlerinıń sózlik mánisin bilmeydi. Sol sebepli dógerek basshi shiniğiwdi mazmunli, qiziğarlı ótiwi ushın, xalıq ámeliy óneri terminlarin tereń úyreniwi hám ózgertiwi, sózlik mánisin túsiniw maqsetinde oqıwshilardi xalıq ámeliy ónerinen arnawli terminler awdarmasi menen táminlewi; dógerek basshi arnawli kartoteka

shólkemlestırıwi, yaǵniy xalıq ámeliy ónerinen terminlardi jiynap úyrenip bariwi; shiniǵiw dawaminda dógerek aǵzalarina óz muǵdarinda bólsa, da terminlerdi awdarmali mánisin jazdirip, hámde tusindirip bariwi; ózbek xalıq ámeliy ónerinen túsindirme sózlik degen stend shólkemlestırıw hám bólmege maslap ilip qóyiwi maqsetke muwapiq. Sonday stendte shama menen tómendegi terminlerdi jaziwdi usinis etemiz.

**Bofta -** ósimlik tarizli naǵis elementi. Tańlap aylanip ótip, payda qilǵan suliw formasi. Bofta xalıq ámeliy ónerinıń barlıq túrlerinde isletiledi. Oniń tuwri iymek hám aralas siziqli túrleri bóladi.

**Ganchxok -** saz topiraq, qum hám ganchti suw menen aralastirip payda bolǵan aralaspa. Ganchxok tayarlawda bir bólek ganch, bir bólek qum, bir bólek saz topiraq quwraq elenbesten aralastiriladi. Suw qosip jaqsilap ilay halatina kelgenshe aralastirip keyin diywalǵa jaǵiladi.

**Namoyon -** farssha kórinis, degendi ańlatadı. Russha panno. Namoyon eń quramalasqan jetik naǵis kompozitsiyasi. Namoyon bolmıstıń uliwmalasqan korkem obrazin ózinde korsetedi. Máselen, gúlzar, baǵi bostanlar, daryalar, guller, japiraqlar hám basqalardi kórsetedi. Namoyonnıń shetlerine kóbinshe jiyek kórinistıń kórkem qilip kórsetiwde zárur rol` óynaydi. Namoyon hesh jaqqa baylanispaytuǵin ǵarezsiz kompozitsiya.

**Targil -** naǵısshılıqta naǵistıń gul hám japiraqlarin ózindegi payda bolǵan sayalardi hár turli reńli siziqlar járdeminde pardozlaw, naǵisshlıqta har turli pardoz beriwdıń bir túri bólip, naǵisshilar tabiattaǵi gúl hám japiraqlardi ózindegi sayalardi reńli siziqlar járdeminde korsetedi. Tabiattaǵi gullardiń oraq hám shańlarin qam naǵisshi naǵisti pardozlawda sizip bóyap korsetedi.

**Usta –** bir onerdi iyelep, sol tarawda tajriybe arttirǵan shaxs. Óz ónerin jaqsi biletuǵin insan[5].

Xalıq ámeliy óneri dógeregi aldina qóyilǵan tarbiya maselelerdi joq qiliwda shiniǵiwdan tisqari qilinatuǵin jumıslar zárur rol` óynaydi, sebebi qatnasıwshılardıń shınıǵıwlarda úyrengen bilim hám tajribalerin bekkemlewde, dunya qarasin qáliplestırıwde zárúr faktor bólip xizmet qıladi.

Shiniǵiwdan basqa tómendegi jumıslardi shólkemlestırıw maqsetke muwapiq boladi:

Dóretiwshilik kórkem-óner xalıq ámeliy bezek óneri, tariyx muzeylerine, gúlal, aǵash, tas oymashilıq ustalarnıń islep atirǵan jerlerine, arxitektura esteliklerine hámde qońsi dógerekke ekskursiya qiliw;

Ózbekstondagi xalıq ámeliy bezek óneri ustalari, ónerment alimlar hám basqalar menen ushrasiwlar ótkiziw;

qatnasıwshılardıń jumıslarinan kórgizbeler shólkemlestırıw.

«JAS ustalar» atli diywal gazetalarin bárhama shiǵarip túriw.

«Sheber qóllar», «Bizdıń ustalar», «Gózallıq iyeleri», «Tanıqli óymashi ustalar» temalarinda stendler shólkemlestırıw;

Ataqli ustalardıń jumıslarinan hám qatnasıwshılardıń jumıslarinan fotoal`bomlar tayarlaw;

Jas oymashi ustalardıń ómiri hám dóretiwshiligine baǵishlap dóretiwshilik jurnallar tayarlaw;

Qatnasıwshılar órtasinda konkurslar ótkaziw;

Viktorınalar shólkemlestırıw;

Shiniǵiwdan tisqari waqitlarda xalıq ámeliy bezek óneri, arxitektura estelikleri hám basqalarǵa baylanisli diafil`mlar hám kinofil`mlar kórsetiw.

Arxitektura, muzey yáki gúlallar, aǵash oyiwshilar, miskerler jumıs ob`ektine bariw, ustalardıń jumıslarinan naǵis úlgilerinen úlgiler alıw.

Xalıq ámeliy bezek óneri ustalarinıń naǵis kompozitsiyalari hám oyma jumıslarinan fotoúlgiler hám kórgizbeler shólkemlestırıw;

Olimpiadalar ótkiziw;

Ustalardıń jumıslarinan fotoulgiler saqlaw ushın ayriqsha papkalar shólkemlestırıw;

Bul jumıslar dógerektıń jasaw sharayatina maslap, dógerek dastúrine tiykarlanip, duziledi, basshinıń jumıs rejasi tiykarinda alip bariladi.

Xalıq ámeliy bezek óneri dógeregi belgilegen dastur tiykarinda dógerek qatnasıwshılari tómendegi talaplardi ómirge engiziwi lazim:

- xalıq ámeliy bezek ónerinıń ómirdegi roli hám unıń ahimiyetli;

- xalıq ámeliy bezek ónerinde isletiletuǵin materiallardıń hámmasinde isley alıw;

- hár túrli asbaplarda erkin isley alıw;

-naǵis túrleri hám olardıń elementlarin siza biliwi;

- ósimlik tárizli, geometriyalıq, nıshan hám basqa naǵis túrlerin dúze biliw;

- bul naǵıslardi xalıq ámeliy óneri túrlerinde qóllap biliw;

- xalıq ámeliy bezek óneri buyimlarin jasay alıw;

- jumıs ornın taza tutıw, texnika qáwipsizligi, órt qáwipsizligi hám gigiena talaplarin biliw;

- jumıs waqtınan unemli paydalaniw;

- jumıs órnin hám jumıstıń eń ilayq metodlarin shólkemlestırıwdi bile alıwı;

- qıyın bolmaǵan xalıq ámeliy bezek óneri shıǵarmalarin oqıy alıw hám olardı analiz qıla alıw jumıslari kerekligi hám basqalar.

Bul dógerek shiniǵiw dastúrin tólıq ózlestirgen hár bir qatnasiwshi túrli orınlarda klub, mádeniyat uyi qaslarinda xalıq ámeliy óneri bóyinsha oqitiwshilar, dógerek basshi sifatinda islewleri múmkin[9].

*«Haqıyqıy naǵısker sonday bolip shiǵıwi kerek,*
*oǵan talpinǵan sayin jańa-jańa gózallıq álemi ashilsin,*
*tabiatti tap sonday kórsetiw bul ónerdıń aqiri emes,*
*eger kim bolsada súwretlerdegi hár bir siziqqa jan baǵishlay*
*alar eken, ol kórkem-óner gilitin iyelegen bóladi»*[1]
Shiǵisqa tanıqli ullı naǵisker Moniy

[1] **Zohidov P. O'zbek memorshiligi., T, 2006**

## II.II. Naǵisshılıq óneri haqqinda túsinik.

Ózbek Xalıqinıń kóp asrlik tarixinda xalıq ámeliy bezek óneri túrleri bay hám reń-bereń mádeniy miyrasimizdıń eń ajayip hám ǵalaba bólegin shólkemlestiiw Ózbek diyarinda payda bolip gúllep jasnaǵan kórkem-óner túrleri misilsiz hám biytákirarliǵi menen dunyaǵa tanıqli. Bunday rawajlaniw basqishlari haqqinda pikir júritetuǵin bolsaq, ózbek ámeliy bezek óneri túrlerinıń bas tamirlari insaniyattıń balaliǵi, yaǵniy alǵashqı jámiyetke barip taqalıwınıń guwasi bolamız.

Úlkemizdegi qatlamlarin qaziwlar nátijesinda tabilǵan esteliklardıń guwalıq beriwinshe, insannıń denesine kórkem ishlew beriw usılinda buyim jaratiw iskerligi tas asrinde aq bashlanǵan hám asrlar asa hazirge shekem dawam etip kelmekte.

Ámeliy ónerge bunsheli joqari filosofiyalıq jantasiw nátiyjesinde shartlilik, stilizatsiya – simvolikaǵa tiykarlanǵan kórkem bezek shıǵarmalari jaratiw kúsheygen. Usi tarixiy faktor milliy bezek ónerinıń gúrkirep rawajlaniwina turtki bolǵan, házirde dunyaǵa tanıqli ustashılıq esteliklerimiz olardaǵi gúlalshilıq, naǵısshılıq, tasqa oyiwshilıq hám basqa túrdegi ónerlerdıń ajayip darajede birliginen ibarat. Xalıq ámeliy bezek óneri insanlardıń ruwqiy alemin bayitadi, kórkem kewil-xoshin qáliplestiredi, ruwxiyatin tarbiyalaydi. Sonıń ushın da ózbek xalıq ámeliy óneri insanlardi kórkem aqiliy, uliwma insaniy tarbiyalap, olardıń ilmiy dunya qaraslarin formalastırıwda, hámde mádeniy dárejesini ashiriwda eń zárúr dereklerden biri esaplanadi.

Jaqin ótmishte ózbek ámeliy bezek ónerinıń eń rawajlanǵan naǵısshılıq, gúlalshilıq, tas hám suyek oymashiliǵi, kandakarlıq, pishaqshilıq boyrashilıq, zergerlik, kesteshilik, zerdozlıq, gilamshilik, kiyiz basiwshilıq, sebetshilik sıyaqlı túrleridıń ózine tán orınlaw texnologiyalari, haqiyqiy milliy atlari, olarǵa tán atamalar, bul ónerlerge tán mektepler, usillar hámde usi tarawlarda tanilǵan ustalardıń xizmetleri butin dunyaǵa danqi ketken.

Orta Aziya naǵisshılıq óneri eskiden dunyaǵa belgili. Ótmishte ata-babalarimiz qurǵan shirayli imaratlar házirgi kunge shekem gozzal kórinisin

joǵaltpaǵan. Joqari diydi menen islengen naǵıslar házirge shekem bizdi tań qaldirip kelmekte.

Naǵis arabsha kórkem, gul degen mánisti bildiredi. Qus, haywan, ósimlik, geometriyalıq hám basqa formalarin belgili tartipte takrarlaniwinan payda bolinǵan bezek[11].

Islam talablarina boysiniw aqibetinde haywanlar, quslar hám adamlardi kórkemlew jogalip barip naǵısshılıq rawaj tapti. Arab jaziwi ózlestirildi. Nátijede naǵıslar menen ataqli jaziw (epigrafika) usili payda boldi. Arab jaziwi naǵıslar menen birge sizildi. Arab jaziwi hám bezek, hám duwa-afsunlar waziypasin orınladi.

Naǵısshılıq xalıq-ámeliy bezek ónernıń bir túri sipatinda áyyemnen ózbek mádeniyatinıń zárúr bólegi esaplanadi. Kóp ásirler dawaminda onıń kórkem dástúrleri payda boldi. Naǵislarda ónerdıń basqa hámme túrlerinen pariqli rawishte awladlardıń uziksiz baylanisliliǵin, dástúrlerdıń sheksizligin kóriwimiz mumkin. naǵısshilıq dástúrleri ónerdıń tap usi túrin úyreniw metodlari sipatinda da babadan ataǵa, atadan balaǵa ótip kelgen. Ane usi uzliksizlik sebepli naǵis óneri házirge shekem saqlanip kelmekte. Naǵistıń eń jaqsi úlgileri bay dóretiwshilik fantaziya arqali birlestirilgen formalardıń maqsetke muwapiqliǵi hám gozzalliǵi menen parqlanadi. Bunda xalıq ustalarinıń teberek atrapqa qaraslarindaǵi ayirmashilıq kórinedi. Naǵistaǵi siziqlar oyini muzikadaǵi garmoniya sıyaqlı, qosiq hám ertek sıyaqlı “xalıq ómirlik tajribesinıń úlken uliwmaliǵinan” ibarat boladi.

Kórkem naǵısshılıq reńlardıń uqsasliginda da ózine tán kompazitsiyalarda gozzallıq jaratiw óneri. naǵısker usta óz jumısinda reńnıń tabiyat reńlerinen, puxta formasinan, material fakturasinan sheberlik penen paydalanip jarqin anıqlıqqa erisedi.

Ózbekstannıń dasturiy qurilisinda naǵısshılıq tiykarinan shiftlardi, jimjimadar araqılardi, saray tobelerin, meshitler, mektepler, baylardıń uyleri, aǵashtan islengen buyimlardi bezewde qollanǵan. Názik ósimlik tárizli-geometriyalıq naǵislardaǵi ózara sińip ketken náller, shaqalar hám kórkem bezetilgen gúllerdiń ritmik háreketi, ózbek ustalarinıń jumıslarindaǵi iqlimi hám girix naǵıslarinıń klassik motivlari

shiftlarnıń formasina maslanǵan. Naǵis kóbirek inter`erlerdi hám jabiq ayvon , peshayvonlarni bezewge xizmet qıladi.

Házirgi waqitta naǵistan ustashılıqta, uy buyimlari, sawǵalar, mayda aǵash oyinshiqlar, muzika asbaplari hám turmista kerekli buyimlardi bezewde paydalaniladi.

Kórkem naǵısshılıq óneri házirgi kúnde keń tus almaqta. Gazeta, radio, televidenie, kino arqali adamlar ane usi kórkem-óner ulgileri hám onıń xalıq ustalari menen tanispaqta. Bul ónershilikler arasinda O.Kosimjonov, E.Raufov, A.Boltaev, S.Norquziev, A.Azimov, A.Isaev, B.Abdullaev, T.Tuxtaxujaev, J.hakimov, T.Axmedov, K.Karimov hám basqalar bar. Olardıń hám olardan tálim alǵan shagirtlardıń jumıslarin Tashkenttegi ámeliy kórkem-óner muzeyinde, kórgizbe zallarinda, kórkem salonlarda, sonday-aq, turar-jay hám jamiyet imaratlarinda, maselen, Tashkent mámleketlik tsirki, Tashkent temir jol vokzali poezdi, metro stantsiyalari, miymanxanalar, kafeler, restoranlar, shayxanalar, klublar, zavod hám fabrikalardıń vestibyullari, dem alıw xanalarinda kóriw múmkin. Házirgi waqitta mekteplerde hám mekepten tisqari shólemlerde dógerekler tarmaǵin ilaji barinsha keńeytırıw waziypasi qoyilmaqta[12].

Xalıq naǵısshılıq ónerin úyreniw óqiwshilarda kórkem sezimdi, miynetsuyiwshilikti rawajlandiriwǵa hám qatar paydali bilim hámde tajriybelerin duziliwine xizmet qıladi. Olardıń dóretiwshilik qabıliyetlerin anıqlaw hám osiriwge járdem beredi.

**II.III.Naǵis elementlerin sızıw (Naǵis elementleriniń timsaliy mánisleri).**

naǵıskerlik ónerinıń tamiri júdá ayyem ótmishimizge barip taqaladi. Insaniyat ózi ushın zarur bolǵan barlıq buyimlardi kórkem bezep, jetilistirilip kelgen. Apiwayi xojalıq buyimlarinan baslap, kiyim-kenshek, kitap, imarat bezekleri hámma-hámmasi naǵis elementleri jardaminde bezetiledi. Xalıq ámeliy ónerinde bezek elementleri tabiatta ushrasatuǵin ósimlik dunyasi, gul, nál, japiraq hám haywanlar kórinisin eń apiwayi kórinislerinde kórsetpekte.

Belgili har bir naǵis ulgisi ózine tán naǵis elementlariniń jiyindisinan ibarat. Stilizatsiya tiykarinan ósimlik hám hayanat dunyasinan alinǵan túrli formalari maselen, baltalar, náller, shaqalar, japiraqlar, gullar, miyweler hám usi sıyaqlılardıń tabiyiy formalarin qayta islew bolip esaplanadi. Bunda tańlanǵan formasin naǵis kompozitsiyasi quramina qosiw mumkin bolǵan bezek formasina keltiriledi. Bunda óqiwshi butun bir tayar predmettıń sirtqi kórinislerin bir neshe kórkem siziqlar járdeminde ashiq aydin qilip korsetiwdi uyrenedi. Xalıq ustalari áyyemnen kollap kiyatirǵan barlıq naǵıslar tabiyat hámde waqiyalıqlardin shartli korınisi bolıwına qaramastan ózine tán nizamlıqlarina iye. Bul nizamlıqlar tabiyattıń ózinen alinǵan. Ósimlikler tek bir tárepke qarap ósedi. Maselen, májnuntal tap paske qarap keri ósip atirǵanday tuyiledi, biraq nálden japiraq bolip, bir tárepleme jóneliste dawam etip keledi. Tabiyattıń bul nizamin naǵista óz korınisin tapqan. Usta sizatuǵin naǵis sebepsiz qaǵaz betin toltırıw ushın emes, balki, ańli rawishte tabiyat hám kórkemlik nizam qaǵiydalarina amel qilǵan halda atirap kórinisin sızıwdan ibarat. Kórkem naǵis islewde protsesinde oqıwshilar tómendegilerdi puxta ózleshtirip alıwlari zárúr:

- dógerek atirap, tabiyatta bar bolǵan tabiyat formalarin qayta islew, yaǵniy stilizatsiyalaw jollarin biliwleri, onnan unemli paydalana alıwlari kerek;
- berilǵnn naǵis elementlari yáki ulgi tiykarinda jańa naǵis kompozitsiyasin dúze alıwlari;
- oz betinshe jana naǵis kompozitsiyasin duze alatuǵın buliwlari.

Naǵis elementlari menen tanistırıw shınıǵıwlarinda oqitiwshi óqiwshilardi tabiyat qoynina sayaxatqa alip shiǵadi hám olar shınıǵıwlarda uyrengen teoriyalıq hámde ámeliy bilim tajriybeleri tiykarinda, ósimlikler, haywanat dunyasin guzetedi hám “stilizatsiyalastırıw” arqali olardıń kórkem kórinislerin, formalarin payda qiliw menen uzliksiz shuǵllanadi. Oqıwshilarǵa arnawli izbe-izlik tiykarinda duzilgen renli yáki aq-qara foto-súwretlerden paydalaniw arqali tusinikler beriw de jaqsi nátiyje beredi[8].

Stilizatsiya tabiyatta ushraytuǵin ósimlikler, haywanat dunyasin, uy-rózger buyimlarin tabiyiy kórinisten bir qansha apiwayilastirip, eń qolayli kórinislerde tkorsetiw. Naǵis sızıwdi uyreniwshiler ane sol usıldi tolıq túsingen halda iyelep

alıwlari lazim. Sebebi kop ǵana naǵis kompozitsiyalari tap sol  tarizde qayta islengen hár túrli formalar, kórinisler járdeminde qilinadi[9].

naǵıskerlik shınıǵıwlari protsesinde naǵis elementlarin sızıw hám olardı payda qiliw tartipleri jollari hám usıllari ozlestirip bariladi. Daslaepki shınıǵıwlarda naǵis elementleri tarzinde tómendegi formalar sizip uyreniledi.

- japiraqlar (japiraq elementlerin sızıw).
- Gúller (gul elementlerin sızıw).
- Náller (nál elementlerin sızıw).
- baylanis hám sirtpaq (olardıń elementlerin sızıw).
- tanap (tanap elementlerin sızıw).
- Marǵula hám bórrtik (onıń elementlerin sızıw).
- madoxil elementlerin sızıw.
- gejek hám buyra elementlerin sızıw.
- bofta hám shkufta elementlerin sızıw.






6-súwret. Kórkem nağıslar sızıw izbe-izligi

Ádette kórkem nağıslar sızıwda kóbirek japiraq korınislerden paydalaniladi. Bunda japiraq islimiy nağis elementleri qatarina kirgenligi sebepli názik, gozzal kórinislerde súwretlenedi. nağısshilar tal, anar, xurma, badam, sambit, xina, rozagul,

júzimler hám sol sıyaqlılar japiraqlardi stilizatsiyalastirip, naǵis kompozitsiyasin dúziwde áyyemnen paydalanip kelgen.

Gúller - islimiy naǵis elementi bulip, naǵıslarǵa tarǵil bezek berilgeninen kiyin jánede kórk hám shiray baǵishlaydi. Gúl elementleri tiykarinan naǵis formalarinıń oraylıq bolimlerine jaylastiriladi. Gúllerdıń de sheksiz túrleri bar bolip, ózine tán atlar menen ataladi. Gul túrlerine apiwayi hám quramali kórinistegi aygul, lala, paxtagul, chinnigul, pistegul, ǵawashagul, karnaygul, safsargul, rozagul, nargizagul hám basqa gul túrleri kiredi.

Shaqa – ósimlik tárizli naǵis elementi qatarina kiredi. Gul, japiraq, miywe japiraq hám basqa elementleridi ózara baylap biriktirip toltiradi. Namoyan ruta, morpech, munabbat, turunj hám túrli quramali naǵis kompozitsiyalarinda shaqa elementleri jeke hám qus bántlerinde ushiraydi.

Tanap naǵis úlgilerindegi tiykarǵi formasi jollardi isleydi. Bunday formasi atlari mexrob, madoxil múyesh, gárdish hám sol sıyaqlılar menen ataladi.

Madoxil - islimiy naǵis elementi. Madoxil lala, tumar, úshmuyesh korınisin esletiwshi formalar mısalinda ushraydi.

Shkufta - islimiy naǵis elementi. Qisqasha shkuft dep hám ataladi. Shkufta tiykarǵi formasi soǵiwshi elementlerdi kurtak - gejek kórinislerinde ozara baylaydi.

Simvolikalıq naǵıslar - kepterler, arislan, balıq, mámleket gerbi hám basqalardıń stillastirip kórsetilken elementlerinen dúziledi.

Ata-babalarimizdıń áyyemgi ефкшнчшэн orınlarda nazik naǵıslar menen bezer eken zawiq penen bir qatarda olar arqali óz arzu umitlerin, muhabbatlarin, tileklerin aytqan. naǵısshi, ata-babalarimiz insan ruxiyatin júdá tereń hám hár tarepleme uyrenip olardı ajayip naǵislar menen bayitqan. Naǵislanǵan uyde adamlar arqayin, tinish ogushida boladi, uzaq ómir koriwdi danishpan babalar asirler dawaminda omirlik tajriybeler tiykarinda sezgen. naǵısshilıq óneri tilin biliw ushın naǵistıń hár bir elementi hám reńlerinıń belgi alipbesin biliw kerek bolǵan.

Naǵısshilıqta belgi ne?

Belgi arabsha “ishara qiliw” sózinen alinǵan, tabiyatti, waqiyalıqti, omirdegi quwanish hám qayǵilardi, dos hám dushpanlardi, jaqsilıq hám jamanlıqti naǵis elementlerin, janli siziqlar, reńler arqali suwretlew.

Endi ózbek milliy naǵis tili alipbesi menen tanisip shiǵamiz. Olar tómendegilerden ibarat:

**Geometriyalıq naǵis elementleriniń belgi mánileri.**

Teń tarepleri ushmuyesh - tik turǵan halati ómirdıń baslaniwi. Keri turǵan halati bolsa ómirdıń aqirini bildiredi.

Teń qaptalli ushmuyesh –anıq  bólingen bólek, ayrilıq.

Kvadrat - dunyanıń tórt tárepin, aspan sarayi, quyash perzenti, sonbes jureklik, bekkemlik.

Tuwri tórtmuyesh - isenim.

Romb - hayal, yaǵniy yar belgisi, kop perzentlilik.

Sheńber – álem, baxit, quyash adamlardi jawiz niyetinen qaytariw belgisi.

Bes qirli juldiz – ómirdıń qisqaliǵi, bes kúnlik dunya.

Yarim sheńber - baxit.

Yarim ay - islam dininıń korınisi. Musilmanlıq belgisi.

Quyash – ómir belgisi.

Bulit, jalin –jeńislik belgisi.

**Islimiy naǵis elementlerinıń belgili mánileri.**

Badam - baxt-iǵbal.

Japiraq - bahargi oyaniw.

Burish - har qanday jamanliklardan hám jaman kózden asraw belgisi.

Zirik guli (gulsafsar) – biyǵamlıq hám ómir uzaqliǵi.

Anar - tinishlıq, toqshilıq.

Aygul - baxit-iǵbal belgisi.

Jingala - tugin-sashinlıq,  baylıq belgisi.

Alma - muhabbat belgisi.

Shaqa - baylik hám parawanlıq.

Japiraq - bahargi oyaniw, nawriz.

Adiraspan - jaman kózden asraw belgisi.

Rozagul - gozzallıq belgisi.

**Qus hám haywanlardıń belgi manisleri.**

Arislan - martlik, adalat hám kushlilik belgisi.

Tulki - ayyarlıq.

Qurmisqa - danalıq, ayanishlilıq belgisi.

Bulbul - sadiqlıq.

Qumay- baxit keltırıwshi qus.

Bayiwli - baxtsizlik, apatshilıq.

Balıq - ataqlilıq belgisi.

Tishqan - uy haywanlarinıń kóbeyiwi belgisi.

Eshki shaqi, qoshqar shaqi - batirlıq, mardlik, paklililik belgisi.

Aq kepter - tinishlıq .

Aqqu - gozzallıq, naziklik[10].

**II.IV.Naǵisshilıq ónerinde paydalanilatuǵin materiallar hám ásbaplar.**

naǵısshilıqta júdá kóp material hám asbaplar isletiledi. Naǵislardi sızıwda lineyka, ushmuyeshlik, óshirgish, qılqálem hám basqalar isletiledi.Boyaw ushın guash, akvarel`, tempera hám basqa boyawlar,qalemler, gumis hám altin hallar salinatuǵin hár turli idislar isletiledi. Olardı birme-bir qurip shiǵamiz.

Qılqálem- naǵısshılıqta súwretshilikte qaǵaz, ganch, aǵash, kardon hám basqalarǵa boyaw menen suwret salıw, buljasda isletiletuǵin asbap. Qılqálem haywanlar juninen hám har turli plastinkalardan tayarlanadi. Qılqálemler korınisine qarap jalpaq, yáǵniy quraq korınistegi qılqálemler, ushi jinishkelenip baratuǵin domalaq qılqálemler boladi.

Domalaq qılqálemlernıń ushi jińishke bolip bariwi suwrettegi mayda nazik jerlerdi islewge qolaylıq tuwdiradi Porsiq, suwsar, tiyin sıyaqlılardıń juninen terilgen jamsaq qılqálemler akvarel`, tempera hámde grafika, korkemlew

jumıslarinda isletiledi. Akvarel` ushın qagaz juzesin buzbaytuǵin jumsaq qılqálemlerden paydalaniladi. Biraz úlkenirek qılqálemde guash hám tempera boyawdaǵi suwretlewler ushın isletiledi. Qattilaw junnen tayarlanǵan qılqálemlerdi mayboyawlardi mayqálemler delinedi. Olar suwretshilikte, naǵısshılıqta hám boyawshilikta qollaniladi. Uzin talasi qılqálemler bolsa freska hámde teatr dekarattsiyalarin tayarlawda isletiledi. Ayyemgi ustalar qılqálemlerin ózleri tayarlaǵan yaki arnawli qılqálem tayarlaytuǵin ustalarǵa buyirtpa bergen[6].

Akvarel hám guash ushın tayarlanǵan qılqálemlerdi jumısqa jaramli eki jaramsizligin biliw ushın qılqálemdi suwǵa batiriladi hám suwdan alip silkitilsa sonda ushlari toplanip qalsa bul mayqálem jumısqa jaramli, kerisinshe tukleri duzip tursa jumısqa jaramsiz esaplanadi. Ayrim naǵisshilar eki tarepinde hám mayi bolǵan qılqálemlerden paydalanadi. Yaǵniy bir tarepinde úlken , ekinshi tarepinde kishirek mayi boladi. Qılqálemler isletilip bolinǵannan keyin stoldiń shetine yaki arnawli tiregishke salip qoyiladi.

Akvarel qılqálemdi isletiwde oni saqlawda tómendegilerge ayriqsha itibar beriw kerek.

a) Qılqálemdi suwda qaldirmaw.
b) Qılqálemdi boyaw menen katip qalıwına jol qoymaw.
c) Izǵar halinda qılqálemdi saqlaw mumkin emes.
d) Qılqálemdi shannan , jenli narselerden saqlaw.
e) Qılqálemniń may bóleginıń ushın qiysiq hám taram bolip qalıwına jol qoymaw, sebebi keyin tuǵirlaw júdá qıyın.
f) Akvarel islewde mayli mayboyaw qılqálemin qollanbaw.
g) Qılqálemdi quwraq jerde , ushi qaǵazǵa oralǵan halda arnawli qalem salǵishta saqlaw kerek.

Gul qalem - jumsaq qılqálem túri bolip , naǵıslardi boyaw hám pardozlaw ushın isletiletuǵin qılqálem bolip esaplanadı. Gul qalemler porsiq, almaxan , suwsar sıyaqlı haywanlardi juninen tayarlanadi. Olardı isletiw ornına qarap ush turge, mala (aǵashtan jasalǵan qazıq tárizli) qalem, obi qalem hám siek qalemlerge bólinedi. Mala qalemler o-q0 nomerli qılqálemlerdir. Naǵıstıń úlken hám kishi korınislerin

(maydanlarin ) boyawda isletiledi. Obi qalem 6-7 nomerli qılqálemler bolip esaplanadi. Naǵislardi júdá kishi betlerin boyawda hám kompozitsiyanıń shetki siziqlarin, yágniy ramkalaridi sızıwda isletiledi. Siya qalem bolsa 3,5 nomerli qılqálemler bolip, axta járdeminde tusirilgen naǵis izleriniń oship ketpewi maqsetinde boyawda sizip shikiw, gul hám japiraqlarǵa targil beriw hámde aq bántlerin tartiwda isletiledi.

Chakma (qaziq tárizli) qalem -obi tartilǵan jerlerige chakma qoyiw ushın isletiletuǵin arnawli qalemge uqsas tayaqsha. Onıń ush bóleginiń diametri 3mm boladi. Chakmalardi boyaytuǵin qılqálemler suwsardıń mayinan soǵiladi. Bul qılqálemler menen jińishke hám juwan siziqlar sızıw mumkin, onda súyek qalem hám targil qiliw júdá qolay.Apiwayi qalem juwanliginday shoptıń bir tarepi eki ikkinshi tarepin ush bólimin jonip, diametri 3 mm li ushlıq tayarlanadi.

Belshe- (shpatel`) buyim eki basqa narseler betin arnawli aralaspa surtip tegislep (silliklaw) da isletiledi. Tiykarinan ush turli úlken, ortasha hám kishi belsheler boladi.Úlken belsheniń ush tarepi kenligi 3-40, ortasha belsheniki 3-30, kishi belsheniki 3-4 sm boladi. Olar betin úlkenh kishiligine qarap isletiledi.

Guash -italyansha suw boyawi degendi.Ol suwli onsha tiniq bolmaǵan boyaw.

Guash shirach (jelim) hám aq boyaw aralastirip hámde suwga iylengen boyaw bolip, akvarelge boyawlardıń jumsaq túrlerine uqsasada, aq boyaw iylengenligi, boyaw qatlamlar hámde anıq emesligi menen parq qıladi. Guash boyawlari plastmassa, shisha bankalarda, tyubiklerde islep shigariladi. Guash boyawi qoyiw qaymaqqa uqsaydi. Ol quwrap qalmawi ushın ustine glitserin, suw, kushsiz alsha shirash hám basqalar qoyiladi. Guash boyawin islewnıń ozine tan qolaylıqlari bar. Qılqálemde ańsat aliniwi, kewgende uwqalanip ketpewligi, jagilip ketpesligi, astıngı bólimindegi boyaw bólimi bir tegiste tola jabılǵan bolıwı kerek. Guash boyawinıń quramlıq baylanistırıwshisi dekstrin, glitserin esaplanadi. Guash boyawin tayarlawda boyaw untaqlarinan paydalanip tayerlanadi. Guash boyawinda akvarel` qılqálemleri hám onıń júnlerinen biraz qattiraq qılqálemler hámde may boyawlari ushın shiǵarilǵan qılqálemlerden de paydalaniladi.Arnawli suwretshilik hám korkem jumıslarda ayriqsha emul`siyalardan tayarlanǵan guash boyawlar isletiledi.

Bul boyawlar reninıń shirayli hám tiniqliǵi menen parqlanadi. Fluorestsentsiyali guash boyawlar hám bar.Alti turli rende bolip, polietilen idislarǵa salinǵan boladi. Bul guash túrin akvarel` hám temperalar menen de aralastirip isletse boladi. Fluorestsentsiyali guash juda tiniq hám erkin boladi. Uliwma guash boyawinan suwretler, naǵıslar, har turli gazeta, plakatlar, shayirlar jaziwinda hám basqalarda isletiledi[14].

Naǵıs xantaxta tayarlaw ushın en daslep eskiz isleniwi shart. Xantaxtanıń olshami, kolemi, iymek siziqlari ishlenedi, son ogan naǵıs elementlerinen kompozitsiya duziledi. Kompozitsiyalar bir neshe variantta duzilip olardıń renli foni naǵıslardıń renleri korsetiledi. Bir neshe variantta duzilgen kompozitsiyalardan en qolaylisin tanlap alip buyimga tusiriw usinis etiledi. Naǵısti tusiriw aqta járdeminde amelge asiriladi. Naǵıs kompozitsiyasi tusirilgennen keyin naǵısti boyawga tuwri keledi. Artiqsha siziqlardi óshirip taslaw hám qılqálemde konturdi aylandirip sizip shigiw kerek. Qılqálem menen islew hám basqishpa-basqish amelge asiriladi~ aldin naǵıs kontúrleri aste sizip shigiladi, keyin fondi bóyap tóltiriladi, aste aqirin detallar anıqlastiriladi.

Qılqálem menen islew texnikasi paydalanilatugin qılqálemlerdiń úlken-kishiligine qarap ózgeredi. Kishi nomerli qılqálemler formasinıń mayda detallarin sızıw hámde qatal hám názik naǵıslar jaratiw imkanin beredi. Boyaw beriw jumısin juwaqlagannan keyin reńsiz lak eki ush marte jagiladi.

**Axta (úlgi) tayarlaw.**

**Axta-** naǵıs eki qalegen suwretti móldir (kal`ka) qagazga sizip, siziw jollari iyne menen tesilip, buyim yaki bazibir betke túsiriw ushın tayarlanǵan úlgi. Xorezm ustalari axtani úlgi dep ataydi. birinshi dawirlerde ustalar sirtina tuwridan-tuwri sizip, uyip yaki sizip boyaǵan, keyin axta arqali kórinisti túsiriw ushın qolayliǵin sezip paydalanip kelgen. Xalıq ustalari naǵıs kompozitsiyalarinıń eskizin hám axtalarin jillar daawminda saqlap kelgen. Olar qalegen waqitlarida bul axtalardan dóretiwshilik paydalangan. Axtalar hatte atadan- balaga otip saqlanip kelinip, bir úlken baylıq esaplangan. Ustalar axtani arnawli sandiqlarda saqlap kelgen. Hazir bunday axtalar ustalardıń ozinde hám mamleket arxivlarida saqlap

kelinbekte. Maselen, tanıqli ganchker usta Shirin Murodov, Toshpulot Arslonkulov, nağıskerlar T.Tuxtaxujaev, Jalil hakimov hám basqalardıń tayarlağan ayrim axtalari arxivlarda saqlanbaqta. Axtani tayarlawdıń daslepki bolip nağis islenetuğın betine moljellep juqa móldir qagaz alinadi. Nağis kompozitsiyasiğa maslap simmetriya kosheri boyinsha móldir qagazdi ekige, tortke hám basqalarga buklenedi. Buklenbeni bir bolekke nağıs siziladi. Nağıs móldir qagazdi jumsaq jastıqsha ustine qoyip nağıs siziqlari ustinen iyne menen tesip shiğiladi. Nağısti iri hám maydaliğina qarap iyne tańlanadi. Iyne tesigi araligi nağıstıń mayda hám iriligine baylanisli. Eger nağis mayda bolsa iyne araligindagi qashiqligi sonsha jaqin boladi. Nağıs ulgisi tesip bolğannan keyin móldir qağaz jayip jiberiledi, natijede náis ulgisi jumıs betinen kóshiriledi hám basqalar[4].

**Óz betinshe nağis kompozitsiyasin dúziw.**

Oz betinshe nağis duziw protsesinde stilizatsiya arqali nağis elementlerin ózara biriktiredi. Nağis bóleklериниń waziypalari hám ravon siziliwina itibar beriledi. Gul, japiraq, shaqa, bofta hám qus bántlik nağis elementleri duziledi.

Oqıwshılardıń fántaziyalari, bar nağis elementlerin belgili nizam-qağiydalarğa amel qilğan halda jaylastırıwda olar belgili bilim hám tajriybege iye boliwlari shaztligin talap etedi. Birğana “Badam”, “Burish” ulgileri formasinan nağısshılıq, zergerlik, gulalshilıq, kesteshilik, zerdozlıq sıyaqlı xalıq ámeliy ónerinde har turli ozine tan nağıs ulgilerin jaratiw mumkin. Kompozitsiya duziw jollari hám olardıń shiyki ulgilerin tayarlaw nağısshılıq, ganchkarlıq, ağash oyiwshilıq hám basqa ámeliy kórkem-óner túrleri ushın uliwmaday kórinsede, tiykarinda qollanilatuğin onimi, ijro pardoz túrleri menen parqlanadi.

Kompozitsiya sozi latinsha bolip “jaylastırıw, qurıw, duziw” degen mánisti ańlatadi. Bunda tanlanğan nağis kompozitsiyasina kóre onıń elementleri qağaz betinde bir-birine baylanisli halda jaylasip, bir kompozitsiyani payda qıladi. Tańlanğan tema mazmunina mas keletuğin nağis kompozitsiyasin duziw ushın bir qansha shiyki eskizler islenedi hám olardan talapqa juwap beretuginlari tańlap alinp, kompozitsiya duziwde qollaniladi. Nağıs kompozitsiyalar duziwde boleklerdıń ornın almastırıw, qosimsha detallar kiritiw arqali onıń temasin jánede bayitiw sıyaqlılar da

ayriqsha áhmiyetke iye bolip esaplanadi. Nağıs temasinıń táriyplewde kompozitsiyanıń tiykargi nizamlıqlarina amel qiliw lazim.

Kompozitsiyada nağıs jaratiw muayyan qagiydasin simmetriya, assimetriya, teńsalmaqlıq, detallarinıń ólshewi, formasi, reńi sıyaqlılarğa amel qiliw quraydi hám buğan qatań ámel qilinadi.

Nağıs kompozitsiyalarini dúziwde kóbirek tómendegilerge itibar beriledi:

- Nağis ulgilerindegi siziqlar haraketiniń stilistik birligine erisiw.
- Dawirlik takrarlaniw.
- Simmetrik jandasiw hám reńler mutanosibligini saqlaw.

Erkin nağis toqıw protsesinde oqıwshilar stilizatsiya arqali duzilgen elementlerin ózara biriktiretugin nağıs elementleriniń waziypalari hám tegis siziliwina itibar beriledi.

Erkin nağıs kompozitsiyasin duziwde tomendegilerge itibar beriw lazim:

-Sizilatuğin nağıs kompozitsiyasin formasi, olshem hám bóleklerinlerin itijapıraqa alıw.

- Kompozitsiyaniń jeke yaki qus bántten ibarat bolıwı názerde tutilğan halda tanlap (sogiwshi) elementi formalarin jaylastırıw.
- Kompozitsiyaga shaqa, japiraq, gul hám basqa nağıs elementlerin kiritip quramalastırıw.
- Nağıs bántin bofta, shkufta elementleri menen baylanistirip bayitiw.
- Kompozitsiyaniń tiykargi formasin uliwmalatirip nağıstі ataw.
- Kompozitsiyanıń máni hám maqsetin esapqa algan halda ren túrlerin anıqlaw.

Erkin nağıs toqıwdi baslawda oqıwshi eki,ush ham onnan kop elementler járdeminde en apiwayi nağısvariyantlarin duziwi mumkin.Bunda oz qalewinshe tanap formasi siziladi ham gul, shaqa, japiraq elementleri járdeminde toltiriladi.Bar kompozitsiyanin formasi yaki gul elementleri atlari járdeminde anıqlaw mumkin.

Jol, shenber, kvadiratqa sizilatugin nağıs kompozitsiyalarin ham erkin turde bar nağıs elementleri birliginen duziledi.Har qanday nağıs kompozitsiyalari puxta ham shirayli siziliwina ahimiyet beriliwi kerek.

Elementlerdıń ozara tartipli jaylasiwi nağıstiń shirayin  jánede asiradi.

Erkin nağıs kompozitsiyasin duziwde de ustalari ijodini guzetiw, xalıq ámeliy óneri muzeyine bariw hám ulgi koshiriw jaqsi natiyjeler beredi.

Apiwayi nağıs kompozitsiya duziw.

Baslangish apiwayi nağıs kompozitsiyalarin duziw adette oqıwshilarda bul barada ayrim teoriyalıq hám ámeliy tusinikler, jumıs tajribeleri payda bolgannan keyin oz betinshe tapsirma sipatinda beriliwi mumkin. Daslep oqıwshilar buyim yaki bet sirtin, onıń ozine tan olshemlerin diqqat penen kozden keshirip, bolajaq nağıs kompozitsiyasinıń formasi hám elementlerin «*ayolan» tanlap aladi. Albette, bul nağıs elementleri óqiwshilar tarepinen qashanlardir ozlesstirip alingan yaki kuzetilgen nağıs bolekleriden ibarat boladi. Bunda oqıwshılardıń qiyallari, jumıs tajribeleri, pikir juritiwleri qansha jaqsi rawajlangan bolsa, sonday-aq, eslewi qabıliyetinde qansha kop nağıs elementleri bar bolsa, olar ajayip nağıs kompoziytsalarin duziwi mumkin boladi. Duzilejaq nağıs kompozitsiyalari bolekler tiykarinda duzilip, onin ulgisi arnawli usilda kerekli jerlerge koshirilip tusiriledi. Bul usıldan foydalanish uzaq waqitlar dawaminda nağısshilar miynetin bir qansha jenillestirip kelmekte. Sol korsetpelerge muwapiq formasi jasawshi reje- qalip 4\1 qatnasta sizip alinadi. Ramka siziqlari jeke, qus hám bir neshe qusimsha siziqlardan ibarat bolıwı mumkin. Padnos korınisindegi bul formasina bofta hám gejek elementleri baylanadi. Nawbettegi basqish jeke yaki qus bandli tanap salıwshini tawiw.

Tanap formasi mexrob hám jurek formasinan ibarat bolıwı da mumkin. shinigiwlar dawaminda siziqlar hareketinıń rawanliligina formasi siziqlaridıń qiysiq yaki siniq halatta sizilip qalmawina itibar qaratiladi. jeke band jolinan ibarat tanap ayrisi shkufta elementi menen baylanadi. Endi bet bulshliklariga gul, shaqa, japiraq hám basqa elementlerdi bir-birine baylangan halda jaylastırıw rejelestiriledi. Shaqa formalar boyinsha hareketlendirilip sizip bariladi. Kompozitsiya quramindagi

shaqanıń siziliwi gul hám basqa nağıs elementleriniń bir-birewi menen derlik, uzliksiz baylanip ketiwin táminleydi. Nağıs ulgisine shaqa, gul hám japiraq elementlerin jaylastırıw, yágniy baylaw natijesinde kompozitsiya mazmuni tugel sheshimin tabadi, bar nağıs kompozitsiyasi padnos korınisindegi nağıslar túrine tan bolganligi sebebli «Padnos islemi» dep ataladi.

Kompozitsiya rejesin duziw hám sızıw protsesinde formasi hám dunya boyinsha tarqalıwshi renler hám elementlerdıń ozara mutanosibligi esapqa aliniwi shart. Bunıń ushın daslep nağıs kompozitsiyasinıń koralama ulgisi sizip alinadi. Son, ane usi koralama tiykarinda (lazim tabilgan tagdirde ayrim ozgertirisler kiritiw arqali) har bir bolekke islew berilgan halda onıń ulgisi kerekli jerlerge koshiriledi hám tayar nağıs duziledi.

Nağısti bir qatar korip shiqqannan son ol boyawlar járdeminde basqishpa-basqish boyaladi





117-расм. Баргларга пардоз бериш.



**7-súwret.Nagıslarga reń beriw usılları**

## II.V. Atamalardiń túsindirme sózligi

**Ark**- xan turatuǵin jay xan sarayi.

**Applikatsiya** –latinsha japistırıw degen maǵanani bildirip, gezleme, qaǵaz hám basqa materiyallarǵa basqa gezleme,qaǵazdıń hár qiyli formalarda kesilgen bóleklerdi japistırıw yaki tigiw joli menen bezew bolip tabiladi.Applikatsiyakesteshiliktiń belgili túri, ol ózine say texnologiyaǵa iye. Tiykarǵi gezlemege reńli gezleme bólegin, teri hám basqalarin qadap, átirapi keste tigisleri menen tigip shiǵiladi.Applikatsiyada kóbinese izbe tigislerden paydalaniladi. Kesteniń bul túri Ózbekstanda jaqsi rawajlanbaǵan házirgi waqitta kóbnese balalar pal'tosi, kóylekleri, bas kiyimlarine hár qiyli qus, miywe, gúl hám haywanlar kórinisi applikatsiya usılinda bezetilmekte. Ayirim jaǵdaylarda hayallardiń bazi bir kiyimleri usi usilda bezetilip atir. Arxitekturada hám ayirim buyimlardi bezewde applikatsiya usılinan keń paydalanilǵan hám paydalanip kelinbekte.

**Axromatikalıq reń** – grekshe reńsiz degen mánini bildirip, olar bir-birinen qabıl etetug;in yáki tarqatatuǵin jaqtilıq kúshi menen ajiraladi. Máselen aq, kúlreń, qara reńnen jaqtilıq kúshi menen ajiraladi.

**Anargúl -** naǵısshılıqda, gúlálshilıqda hám basqa xalıq kórinisli kórkem-óner túrlerinde qollanilatuǵin anar elementinen quralǵan ósimlik tárizli naǵis. Anargúl ayyemnen qollanilip kiyatirǵan naǵis bolip, kóbnese Ferǵana naǵislarinda kóp qollaniladi. Bul naǵis túri ómirdegi toqshilıq belgisi bolip tabiladi. Anargúl kompozitsiyasinda anardi eki túrli, yaǵniy tabiyiy yaki stillestirilgen naǵis usilinda kórsetedi. Bul naǵisda kóbnese anardiń ishki bólegi de azǵana sálelenedi. Anargúl gúlálshilikte, misgerlikte, kesteshilikte, toqimashilıqta, , naǵısshılıqda júdá kóp paydalanilatuǵn naǵis.

**Tiykarǵi reń -**tábiyattaǵi sari, qizil, aspan kók reńler. Usi renlerdi bir-birine azba-kóppe aralastırıw nátiyjesinde basqa ekinshi dárejeli reńler kelip shiǵadi.

**Angur** – júzim ǵujumlari kórinisindegi naǵis túri. Ósimlik tárizli naǵis túrlerinen biri bólip, zerdozlıqta júdá kóp qollaniladi.

**Anqo-**ápsanawiy qus, simvolikalıqnaǵis elementi bolip, ol adamǵa baxit keltırıwshi degen mánini bildiredi. Bul qus gúlálshilıqda, naǵısshılıqda, misgerlikde, ganch oymashilıqda hám basqa xalıq ámeliy óneri túrlerindeqollaniladi. Ásirese gúlállar óz lágenlerinde anqo qusin ájayip etip súwretlep kelgen. Solardan gúlállar Usta Abdulla, usta Baba Boyniyozov, Uzoqboy Shermatov, Muhiddin Rahimov hám basqalardıń jumıslarinda kóp ushiratiw múmkin.

**Badam -** badamdi stillestirip súwretlengen ósimlik tárizli naǵis elementi. Ol bas kiyim, zergerlik, gezlemelerde, ustashılıq hám basqa xalıq ámeliy bezek óneri túrlerinde qollaniladi. Badamdi naǵıskerler baxit-iqbalnishani sipatinda qollanadi.

**Bes, segiz, on eki raxli girih -** geometriyalıq naǵistıń bir túri bolip, kompozitsiyabes qirli, segiz qirli hám on eki qirli geometriyalıq formalardan ibarat naǵis kompozitsiyasi.

**Japıraq madohil -**japiraq formasindaǵi madohili. Madohili túrlerinen biri. Bul naǵis túri áyyemnen qollanilip kelingen bolip xalıq ámeliy ónerinıń barlıq túrlerinde qollaniladi.

**Japiraǵi qurma- ósimlik tárizli** naǵis túri, qurma tereginiń japiraǵin naǵısker tárepinen stillestirip alinǵan kórinisi.

**Bosha -** russha kopitel` bolip aǵash ústininiń joqarisindaǵi bezekli bólegi.

**Varaxsha** – Buxaraǵa jaqin jerdegi jay. Bul jerde III - IV ásirlerde saray qurılǵan, onıń diywallarina buyirtpa ganch naǵıslar islengen. Naǵislarda adamlar basi, haywanlar, quslar, balıqlar hám hár qiyli ósimlikler júdá janli hám tásirsheńsáwlelengen.Varaxsha sarayinıń diywallarinda boyaw –súwretler de bolip, olar birinshi ásirlerdegi Hind Iran usilinda súwretlengen morfologiyalıq waqiyalardi sálelendirgen.

**Vassol -** russha restavrator, qayta tiklewshi usta.

**Gúlshe -** gul formasin esletiwshi júdá ápiwayi shinjir naǵis. Ol shinjir shetlerine kóbnese jiyek sipatinda qollaniladi.Bul naǵıslardi tashkentli oymashi usta M. Qosimov dóretiwshiliginde kóp ushiratiw múmkin.

**Gúldan -** gul salinatuǵin, ernegi qayirilǵan kórkem idis. Kóbnese naǵıskerler gúl salinǵan túbeklerdi kórkem etip súwretlegen. Ustalar áyyemnen turaq jay hám

ziyaratxanalardıń diywal hám pataloklarina gúldan formasin súwretlegen. Olar gúldandi ájayip etip súwretlegen bolsada biraq barlıq waqitta da hámme jerde qulpirip ashilǵan dáste gúldi kórip quwanamiz.

**Gúli chorjapıraq** –tórt japiraqli gul naǵis bolip, ósimlik tárizli naǵis túrine kiredi. Xalıq ámeliy ónerinıń barlıq túrlerinde qollaniladi.

**Gejek pánjere –** gejektárizli naǵis elementinenquralǵan pánjere.

**Guli seraftor** – úsh jónelisliruta islimiy naǵis. Naǵıskerlikte, oymashilıq, aǵash oymashilıq sıyaqlı xalıq ámeliy óneri túrlerinde kóp qollaniladi.

**Gúltajiqoraz –** qoraz tajina uqsaǵan gúlnıń stillestirip alinǵan ósimlik tárizli naǵis elementi.

**Gúldar sebet** – gúlge uqsatip tut, terek, tal hám basqa tereklerdiń shaqalarinan toqilǵan. Gúldar sebetler toqıw áyyemnen rawajlanip kiyatirǵan kórkem-óner túri bolip, bul menen júdá kem adamlar shuǵillanadi, sebebi ol júdá kóp miynet talap etedi. Olar qollaniw jerine qarap, nan sebet, kajava sebet, qasiq salatuǵn sebet, eleme sebet hám usi sıyaqlılar bolip tabiladi.

**Gardish -**naǵis sheńberlerden quralǵan ritmlik jaylasqan kompozitsiya.

**Davrai islimi -** ósimlik tárizli naǵis elementlari menen toltirilǵan aylana formasindaǵi naǵis.

**Terek shaqasi -** islam dininde terek shaqasi sıyaqlı naǵisi saodat teregi mánisin ańlatqan. Pamir taw'larindaǵi terek shaqasin tabiyat, oyaniw hám bahar nishani sipatinda sáwlelengen. Sonıń ushın nawriz bayrami kúni xanadan erkegi tańda turip sari tal shaqasin alip xana tosiǵina ilip qoyiwi ádet bolǵan.

**Taqıyadoz -**taqiya tigiwshi sheber. Taqıyadozlıq áyyemgi óner bolip, olar taqiyalardi uylerinde tigip, keyin dúkanlarda satqan.

**Jaqtilıq kontrasti** – jaqtilıq qarama-qarsilıqlari reńniń jarqinliǵi,jarqinlıqtiń betpe-bet turǵan reńler tásirinde ózgeriwi

**Járdemshi tanap -**naǵis kompozitsiyasindaǵi ekinshi dárejeli siziq.

**Jaqtilıq sáwlesi -** refleks, jaqtilıq nurinıń átirapindaǵi buyimǵa qaraǵanda jilolanishi.

**Buyra -** ósimlik tárizli naǵis elementi, bul qal naǵis kompozitsiyasinda toltırıwshi element. Bul naǵis elementi áyyem zamanlardan beri qollanilip kelinedi

**Jilo -**jaltiraw, jiltiratiw, olargá oyilǵan ganch rel`efine pardoz beriw.

**Jiydegúl -** jiyde gúlin stillestirip alinǵan kórinis islimiy naǵis elementi.

**Shinjirli madoxilcha -** madoxili formasinda dúzilgen ensiz islimiy shinjir naǵis. Ol aǵash oymashiliǵi, naǵısshılıq, ganchkarlıq hám basqa xalıq ámeliy óneri túrlerinde qollaniladi.

**Shinjirli islimi gulsapsar -** ósimlik tárizli naǵis túrlerinnen bolip, tiykarǵi naǵis elementi gulsapsar. Shinjirli islimi gulsapsar, qus mehrobni ishinde gulsapsardi tóńkerilip tákirarlaniwinan ibarat boladi.

**Zamin -** oymashilıqda hám naǵısshılıqda naǵis bezaginıń asti, foni.

**Zaminli bezew** –bezewler ishinde eń ápiwayisi. Túsirilgen naǵis hesh qanday bezewsiz qaldirilip, zamin biraz tereńlestiriledi. Bul bezewdiń xarakterli jeri sonda, naǵis formalari zamingea túsgen saya esabinda kórinedi.

**Zamin qálem -**ganch oymashiliǵinda oyilip atirǵan naǵis zamindi qirip tazalaw hám tekislew ushın qollanilatuǵin ásbap. Ol qálem túrine kirip eń úlkeni 1 sm den aspaydi (bandi menen).

**Jilan izi –tolqin tárizli** ósimlik tárizli naǵis. Tashkentten basqa walayatlarda «islimi» naǵis depjúritiledi.

**Inkrustatsiya** – buyumǵa materialdi aǵash, súyek, sadaf hám basqalardi qadaw yáki kórkem súwret islew.

**Islimi búlbil-** búlbil kórinisi menen islengen ósimlik tárizli naǵis.

**Islimi mehrob-** ósimlik tárizli naǵıslar menen toltirilǵan mehrob.

**Islimi muhja -** tanap hám bórtikler menen shirmasip ketken ósimlik tárizli naǵis.

**Islimi majnuni japiraq**– májnun tal shaqalarinan quralǵan ósimlik tárizli naǵis.

**Islimi pargori**- tsirkul` menen orınlanǵan islimiy naǵis túri. Áyyemnen rawajlanip kiyatirǵan naǵis túri, ganchkarlik, aǵash oymashiliǵi, miskerlikte kóp qollaniladi.

**Jórmep tigiw-** qolda keste tigiw usillari ishinde en kóp miynet talap etiwshi usillardan biri. Ol keste iynesi eki ilgekke tiǵiladi.

**Yurma** – kesteni qolda jórmep tigiwdi qaraqalpaq hám qazaqlarda «ilmek» dep ataydi.

**Koler -** bir jerge tayyarlanǵan boyaw.

**Kolorit -** kórkem shıǵarmadagi jetekshi reń.

**Kabutar -** naǵıskerchilikte simvolikalıq naǵis elementi bolip, tinishlıq hám paraxatshilıqti bildiredi.

**Kompozitsiya** –latinsha sózden alinǵan bolip, ol toqıw, bir-biine belgili tártipte jaylastırıw, salistırıw hám birlestırıwdi ańlatadi.

**Kungura -**qal`a diywallari yaki imarat tóbesindegi tisge uqsatip islengen arxitektura bezegi.

**Kapitel` -** ústinnıń basi, joqariǵi bezelgen bólegi. Ol bas ústin (xari)ni ústine qoyilǵan júkti uslap turadi

**Kompanovka** – siziliwi kerek bolǵan naǵisti yáki basqa nárseni tuwridan-tuwri jaylastırıw bolip tabiladi.

**Kandakori -** mis idislarǵa oyip naǵis salıw usıli. Naǵis oyip islew eki túrli boladi. Birinshisi kandakori yaǵniy oyma sayiz siziladi. Mis idislarǵa oyilǵan naǵislar tiykarinan bolip, siziq bolsa járdemshi boladi. Sizba naǵis zaminlerdi bezewhda qollaniladi.

**Maqbara** –qábir ústine qurılǵan imarat. Oniturbat hám marqad deb te ataydi.

**Musavvada** –jobaniń eskizi, shiyki nusxasi.

**Marǵula -** qus siziqli gejek - ósimlik tárizli naǵis elementi. Ol xalıq ámeliy óneri túrleri misgerlik, naǵısshılıq, ganchkarlıq, zerdozlıq hám basqalarda qollaniladi. Eger bir shaqaniń ushında eki marǵula payda bolǵan bolsa oni *qus* marǵula de júritedi. Kóriniste shaqa menen marǵula súwretlengen bolsa marǵulani shaqa dep ataydi. Naǵis kompozitsiyasinda marǵula toltırıwshi element esaplanadi.

**Medalon -** italyansha medal` mánisin ańlatadi. Sheńber yáki oval formasinda islengen, tamamlanǵan ǵáressiz kompozitsiya. Medal`on ganchdan (gips, alebastr),

aǵash, mis (bronza), tasqa oyip, qirip, qaǵaz, gezleme, aǵashqa tush, túrli boyawlarda sizip hám basqalardi quyip, boyap, sirlap payda etiledi.

**Miniatyura -** latinsha boyaw sózinen alinǵan, áyyemgi qol jazbalar hámde tas baspa kitaplardiń betlerin bezegen reńli súwret. Orta Aziya xalıqlarinda miniatyura óneri uzaq tariyixqa iye, ásirese XV ásirlerde Behzod, Shoh Muzaffar sıyaqlı ulli súwretshi hámde naǵisshilar miniatyura ónerinıń ájayip shıǵarmalarin jaratip miniatyura ónerinıń bul túrine ólmes shiǵarmalar qosti. Áyyemgi miniatyura ónerinıń dástúrleri házirde dawam ettirilmekte. Házir jas talantli miniatyurashilar júdá kóp ólmes shıǵarmalar jaratpaqta.

**Maket –** nárse, imarat, jay, muqarnasi hám basqalardıń kishiriytirilip tayyarlanǵan kórinisi.

**Masshtab -** reje, sizba hám basqa nárse, obekt siziqli ólshemleriniń, naturadaǵi aralıqlariniń haqiyqiy uzinliǵina qarama-qarsi, masshtab grafikli yaki sanli sipatlanadi. Naǵısker ganchkor hám bezekshi ustalar bezetiletuǵin xanani masshtab boyinsha kishiriytirip eskizdi orınlaydi.

**Mexrob –** sheńber kórinisin beriwshi naǵis, yaǵniy oraydaǵi aylana, bir neshe mehroblarni tutastirip payda etken naǵis. Mehrobnıń túri júdá hár qiyli. Misali, mehrobi japıraqi bed, mehrobi duraftor, mehrobi seraftor, mehrobi duraftori islimi, mehrobi mux,ja, mehrobi madoxili hám basqalar.

**Moh** - yarimay, simvolikalıq naǵis element. Zerdozlıq hám miskerlikte júdá kóp qollaniladi.

**naǵıskerzada -** ata kásibin dawam ettırıwshi ónerment yaki ónerment (naǵısker).

**Nim zanjira -**yarim shinjir tárizli naǵis.

**Nim islimi japıraq** –japiraqlardan quralǵan ápiwayi yarim islimiy naǵis.

**Nim islimi**– bir-birine tirmasip ketken quramali ósimlik tárizli naǵis, ol bir tárepleme jalǵanip ketken boladi. Nim islimi jiyek ornında qollanilip, buyimniń atina qarap ózgerip baradi. Soniń ushın onıń túrlerikóp. Máselen, nim islimi japıraq, nim islimi madohil hám taǵi basqa.

**Oftoba -**mistan islenip juwiniw ushın qollanilatuǵn idis. Oftoba qarin, dáste, alaqan, labaki, sapulla, aspak, jumrak, qubba, pánje, kókirek, moyinlardan ibarat. Bul bóleklerdi jasaw misgerden úlken tájiriybe hám did talap etedi.

**Oftoba (samovar) -**mistan jasalǵan suwqaynatilatuǵin idis. Formasinan oftobaǵa uqsas, suwdan ishinde utxanasi jaylasqan boladi. Ruslardıń Orta Aziyani basip alǵanǵa shekem qaynar quman, qara quman yaki quman dep júritilgen.

**Aygúl -** bir neshe japiraqli romashka formasindaǵi naǵis elementi, onıń japiraǵin sanina qarap úsh japiraqli, tórt japiraqli, bes japiraqli aygúl hám taǵi basqada atlar menen ataladi. Ol ósimlik naǵis elementi bolip, ustalar naǵis kompozitsiyalar toqıwda júdá kóp qollanadi. Aygúl naǵıskerler qiyalinda baxit-iǵbal nishani sipatinda qollanilip kelinedi.

**Aygúli islimi -** tanap penen bántti quramali sheńber háreketi hám ortasinda aygúl súwretlengen islimiy naǵisnıń bir túri. Bul islimiy naǵis túri Samarqandda keń tarqalǵan.

**Ornament -** latinsha – Aqpatóbe bezek degen mánini bildiredi. Imarat yaki basqa nársege islengen naǵis. Ornamentler geometriyalıq, ósimlik tárizli, simvolikalıq hám basqa turlerden quralıwı múmkin. Ornamentlar simmetriyali yaki assimmetriyali bolıwı mumkin. Bul ornamentlar simmetriyali bolsa belgili tákirarlaniwshi rapportdan ibarat boladi.

**At** - simvolikalıq naǵis elementi, zakawat, ań nishaniniń belgisi.

**Obida -** arabsha materiallıq mádeniyat estelikleri bolip, oni xalıqimiz kóz qarashiǵinday saqlap kelmekte. Olarni  qayta tiklew ushın mámleketimiz úlken qarji ajiratqan. Házirde (restavrator) ustalarimiz iri ońlawjumıslarin alip barmaqta. Obidalar, bul bizıń tariyiximiz bolip esaplanadi.

**Pargori -**tsirkul járdeminde sizip oyilǵan naǵis, dástúriy aǵash oymashilıq túri. Ózbek hám tajik naǵisgerliginde keń tarqalǵan naǵis túri. Bul oymashilıq túrin ustalar «oymali pargori» hám «oyma pargor menen» deb te júritedi. Pargori quramali oymashilıq texnikasi bolip, ustaday tereń bilimdanlıq hámde tájiriybe talap etedi.

**Pushti moqi –** balıq teńgesine uqsas naǵis túri, oni balıq teńgesheleri dep júritedi.

**Bezew** –zergerlik,ganj oymashiliǵi, misgerlik, aǵash oymashiliǵi hám basqada buyimǵa aqirǵi islew beriw, bezew, jilolash. Reńlerdiń teńlesiw nizami-teńlik, reńlerdiń óz-ara muwapiqlasiw nizami, toltırıwshi hám qarama-qarsi reńler misalinda kóriw múmkin.

**Simvolikalıq naǵis-**nishan, simbolikalıq naǵis. Naǵistıń bir túri. Bul naǵis elementi juldiz, biyday yaki basqa shártli kóriniste islengen boladi. Toshpulat Arslonǵulov, Maxmud Usmonov hám basqalar bul tarawda kóp shuǵllanǵan.

**Reńler gormoniyasi–** reńlerdi bir-birine say túsiwi.

**Ritm -** kompozitsiyanıń eń kúshli hám xarakterli tiykari esaplanadi. Ritm naǵis elementınıń belgili aralıqta bir tegiste tákirarlanip keliwi, naǵisdaǵi hárekettiń úzliksiz hám suliw kórinisin támiyinleydi.

**Reńlerdiń tazaliǵi- usi reńniń**spektr reńlerden birine jaqinlasip bariwi. Spektr ren eń taza reń esaplanadi.

**Reńlerdiń awirliǵi- reńlerdiń adamda awir hám jeńil kórinis oyatiwshi qásiyeti, toq hám ashiq reńler.**

**Reń kompozitsiyasi -** naǵis (sizilǵan yaki oyilǵan) reńlarinıń uliwmalıq kórinisi.

**Reń -** nafis súwretlew ónerinıń jani.

**Raftor** –parissha júriw degen mánini bildirip, tawis júriw bolip tabiladi. Naǵista shaqani bir yaki eki tárepke tolqin tárizli ósiwi múmkin. Shaqa saniniń júriw sanina qarap naǵıslar yakraftor, duraftor, seraftor dep ataladi.

**Stilizatsiya -** qayta islew. Tabiyattaǵi gúl, shaqa, japiraq, qus, haywan, adam hám basqalardi naǵisker tárepinen qayta islep súwreteniwi.

**Siluet -** (frantsuzsha siluette) XVIII ásir frantsuz mámleket ǵayratkeri atinan alinǵan, adam, haywan, qus hám basqalardiń sayaǵa uqsatip bir qiyli reńde islengen kórinisi. Bunda sidirǵa reńdegi qaǵazdi kesip basqa reńdegi qaǵaz yaki gezlemege japistırıw da múmkin. Grafika texnikasinıń bul túri áyyemnen Xitayda, Yaponiyada

hám basqada Shiǵis mámleketlerinde, XVIII ásirden evropada rawajlanǵan. Keń mánisde nárse, imarat hám túrli formalariniń kórinisi.

**Simmetriya -** greksha sóz bolip, mas degen mánini bildiredi. Ólshewlerdiń bir-birine masliǵI, teńligi, mas keliwi keliwi bolip tabiladi. Simmetriyanıń bir qansha túrleri bar.

**Se gula –** úsh gúlden quralǵan ósimlik tárizli naǵis.

**Suwiq reńler -** muzdi, qardi, suwdi esletiwshi hawa reń, aspan kók, kógimtir, jasil, toq siyatúr sıyaqlı reńler.

**Simmetriya kósheri-**tegislik yaki aspandaǵi óz-ara simmetriyali jaylasqan formalarina qaraǵanda ten; uzaqlıqtaǵi tuwri siziq.

**Sebarga –** úshmúyesh, úsh japiraqtiń kórkem jaǵdaydaǵi formasi. Naǵis kompozitsiyalarinda tez-tez ushrap turadi.

**Smalta -** ilaydan, shiysha hámde farfor buyimlardi boyawda qollanatuǵin ashiq qizil boyaw. Ol shiysha massaǵa duz yaki túrli metallardiń oksidlerin qosiw menen tayyarlanadi. Smalta mozaika tayyarlawda da qollaniladi. Ulli rus olimi M. V. Lomonosov rus smaltasinıń tiykarshilarinan biri edi.

**Toqima gilem -** gilem túrlerinen biri, gilemnıń gúli toqıladi. Ózbekstanda toqima gúllerdińeki túri pátli hám pátsizi (polos) bar.

**Tikpe gilem -** tayyar buyimǵa gúl tigiletuǵin gilem túri.

**Tarqil -** (naǵısshılıqda) naǵistıń gul hám japiraqlardiń ózinde payda bolǵan sayalardi hár qiyli reńli siziqlar járdeminde pardozlaw. Naǵıskerlikde hár qiyli pardoz beriwdıń bir túri, naǵıskerler tabiyattaǵi gúl hám japiraqlardiń ózindegi sayalarin reńli siziqlar járdeminde súwretleydi. Tabiyatdaǵi gúllerdıń tuqimi hám shańlarin da naǵisker naǵisti pardozlawda sizip boyap súwretleydi. Tarqil beriwdıń hár qiyli jollari bolip, boyalip atirǵan gúl hám japiraqlardiń reńinen tarqil barqulla toǵiraq alinip pardoz beriledi. Gúl hám japiraqlarǵa berilip atirǵan tarqil olardıń xarakterine hám reńine mas bolıwı kerek.

**Tilla -**altin, zer, haqiyqiy metallar gruppasina kiretuǵin material. Zergerlik, naǵısshılıq hám basqa xalıq ámeliy ónerinde qollaniladi.

**Eshki múyiz**–ápiwayi ósimlik tárizli shinjirnaǵis. Eshkiniń shaqin stillestirip alinip lenta tárizli eki tárepke tákirarlaniwinan payda boladi. Qirǵizsha shinjir naǵisdir.

**Usta -** (parissha taj) qáegen ónerdi iyelep, sol tarawda tájiriybe arttirǵan shaxs. Óz ónerin jaqsi biletuǵin adam.

**Chor madoxil –** tórt japiraqtan quralǵan madoxil naǵis.

**Chorgul –** tórt japiraqli ápiwayi gúl. Ósimlik tárizli naǵis elementi.

**Shaxa-** ósimlik tárizli naǵis elementi.

**Shaxjapiraq-** shaxanajapıraq - islimi naǵis elementlarinen biri bolip, japiraqlar ishinde eń úlkeni.

**Shablon** –úlgi, shtamp, trafaret. Bir formasinan nárseler tayyarlaw ushın jasalǵan úlgi..

**Eskiz -** shiyki kórinis, qol menen kózde shamalap, sızıwshilıq ásbaplarisiz anıq emes ólshemlerde orınlanatuǵin shiyki kórinis. Naǵısker, súwretshi, bezekshi, ganchkar hám basqalar qálegen nárse yaki úydi bezewden aldin shiyki kórinisti orınlaydi. Usi eskiz boyinsha jumıs orınlanadi. Biraq jumıs barisinda eskizdegi ayirim nárseler ózgeriwi de múmkin.

**Ósimlik tárizli naǵis –** báhár, shańaraqqa baxit, saw-salamatlıq hámme waqit muhabbathúkimranlıq etiwin jirlaydi.

**Oymashılıq -** xalıq ámeliy óneri túrleri ganch oymashiliǵi, aǵash oymashiliǵi, súyek oymashiliǵi, tash oymashiliǵi hám basqalar menen shuǵillaniwshi taraw. Naǵis hám qálegen kórinisti aǵash, ganch (alebastr. gips), metall, tash, súyek hám basqa materiallardi oyib, jonip, tirnap, sizip, tesip islenedi. **Oymashilıq**úlgileri menen imarat bólekleri, úy-ruzger buyimlarin bezewde, músinler jaratiwda keń qollaniladi.

**Juldiz gúl -**juldiz formasindaǵi gúl, ósimlik tá'rizli naǵis elementi. Naǵis kompozitsiyalarinda júdá kóp ushiraytuǵin áyyemgi gúl.

**Jeke japiraq -** bir japiraq, zerdozlıq da japiraqtiń áyyemgi jilosi.

**Jeke shinjir -** bir qatar shinjir. Ápiwayi shinjir túrine kiredi[14].

## II.VI. sabaq islenbe.

## Tema: Aǵash oymashılıǵı óneriniń ózine tán qásiyetleri.

**Aǵash oymashılıǵı ónerinde isletiletuǵın j'ardemhsi materiallar hám ásbap-úskeneler**

**Sabaqtıń maqseti:** a) bilim beriwshi — oqıwshılarǵa aǵash oymashılıǵıda isletiletuǵın aǵashlardı tańlawdı hám j'ardemhsi materiallar hámde ásbaplar haqqında maǵlıwmatlar beriw; б) tárdiyalıq - ózbek xalıq ámeliy bezek óneri arqalı Oqıwshılarǵa estetikalıq hám kórkem tárbiya beriw; в) rawajlandıriwshi — oqıwshılardıń aǵash oymashılıǵına tiyisli bilimlerin keńeytiw.

Sabaqtıń úskeneleniwi: Sabaqlıq, tarqatpa materiallar, kórgizbeli hám texnikalıq qurallar, aǵash túrlerinen úlgiler, ásbap-úskeneler.

Sabaq túri: teoriyalıq.

Sabaq tipi: jańa bilimler beriw, miynet kónlikpelerin qáliplestırıw.

Sabaqta qollanilatuǵın oqitıw usılları: sáwbetlesiw, disput, kórgizbelilik.

Sabaqtıń barisi:

I. Shólkemlestırıwshi bólim.

II. Ótilgen temanı soraw:

1. Aǵashqa islew beriw tarawindaǵı qanday xalıq ónermentshiligi kásiplerin bilesiz?

2. Aǵash oymashılıǵı qanday óner túri esaplanadı?

3. Aǵash oymashılıǵı qashan payda bolǵan?

4. Aǵash oymashılıǵında qanday ásbaplardan paydalanıladi?

III. Jańa temani bayanlaw. Qádim zamanlardan beri ata-babalarimiz insaniyat payda etken jańal''q, ilim-pán shoqqıların iyelep, óz ónerlerin áwladtan – áwladqa ótkizip kelmekte. Aǵashqa naǵıs oyıw hám gúl salıw óneri bárhama ardaqlanip kelingen. Házirgi waqıtta aǵash oymashılıǵı qurilis penen bir qatarda ruwziger buyimlarina bezek beriwde keń qollanılmaqta.

Jergilikli úrp-ádetlerdi abaylap, ardaqlap olardı jańa mazmun menen bayitatuǵin xalıq ustalari ásirler dawaminda sayqal tapqan áyyemgi ónerdiń jetilisken úlgilerin jaratqan. Házirgi kúnde arxitektura menen baylanisli bolǵan ganj hám aǵash oymashılıǵı elede rawajlanip barmaqta. Ózbekstanda qadimnen qurilis hám úy-ruwziger buyımlarin bezewde, xalıq ámeliy ónerиniń túrlerinen biri

aǵash oymashılıǵı кeń qollanip kelingen. Aǵash oymashılıǵında túrli naǵıs usillarinan paydalaniladi. H'ar bir usta ózi jasap, dóretiwshilik etken jerdegi kórkem úrp-ádetlerdiń ózine tán táreplerin ózinde sáwlelendiredi. Máselen, xiywalıq xalıq ustaları aǵashtı oyıp naǵıs islewde aǵashtıń tábiyiyligin saqlap qalǵanlar, buxaralıq ustalar bolsa naǵıs oyıp islengen buyımlardı rán-bereń etip, onı altıntárizli hám gúmistárizli reńler menen boyaǵanlar. Qoqandlıq xalıq ustalari aǵashtı oyıp naǵıs salıwda onı orta shuqirlıqta oyǵan, Tashkent xalıq ustalari taxta betindegi naǵıslardı gruntovkasiz, siziqlar arqalı orınlaǵan hám jiyek naǵısların kóp isletken. Margilan ustalari oymashilıq jumıslariniń túbin júdá shuqir oyǵan. Házirgi waqıtta aǵash oymashılıǵı hám naǵısshiliǵi qurilis penen bir qatarda ruwziger buyimlarina bezek beriwde кeń qollanilmaqta. Oyma naǵisshilıqtıń ájayip úlgilerin tashkentlik ustalar jasaǵan esiklerr,búkleme shirmalarda, stolshalar, tabaqlar sol sıyaqlı basqa buyımlarda anıq kóremiz (8-súwret).



8-súwret

Aǵash oyıwshı ustalar aǵashti oyıwdan aldin onıń ózine tán qásiyetlerin jaqsilap úyrengen. Keyin ǵana aǵashqa oyıp naǵıs islegen. Barlıq aǵashlar olar alınatuǵin aǵash túrine qaray eki toparǵa: japiraqli hám iyne japiraqlilarǵa bólinedi. Iyne japiraqli daraqlardan alinǵan aǵashlar qurilista, aǵash ustashiliǵinda hám aǵash oymashılıǵında tiykarǵı material esaplanadı, sebebi olardıń ózine tán artiqmashiliǵi bar. Olardan quramında smola zatlari bolǵanliǵi ushın ol tez shirip ketpeydi, japiraqli daraqlarǵa qaraǵanda kópligi hám jeńilligi, oǵan islew beriw ańsatliǵi, denesi tuwri, tegis bolǵani ushın onnan tegis qada

tayarlaw múmkin. Aǵash materiallari tábiyiy gúli, reńi, túsleniwi hám iyisine qarap anıqlanadi. Ózbekstanlıq aǵash oyiwshi ustalar óz isleri ushın eń jaqsi ǵoza (греческий орех), qayraǵash, shinar (платан), tut, arsha (можжевельник), almurt (груша), zarang (клён), zirk (ольха), sumtal (ясень), aqterek (тополь), baqaterek, taw teregi (осина), erik (урюк) kibi daraqlardan da házirde basqa jerlerden keltirilgen kavkaz palmasi, emen, aq qaraǵay (пихта), tilaǵash (лиственница), arguvon (липа), aq qayiń (берёза), qara qayiń (бук), qaraǵay (сосна) daraqlarin isletedi. Usi aǵashlardı pardozlaw arqali naǵıs oyıwǵa tayarlaydi. Bunda pardozlawda aǵash sirtin jaqsilap tazalaw, tegislew, oyiq relefine úsh túrli: pax (jayma), choka (jarma), lula pardoz beriw hámde boyap, gúmis suwın júgirtiw, laklew hám polirovkalaw sıyaqlı jumıslardan ibarat.

Aǵash oymashılıǵıда isletiletuǵın aǵashlardı pútkil jil boyi tayarlaw lazım. Lekin aǵashlardı daraqlardan suw qashqan waqitta, yaǵniy oktyabr, noyabr aylarinda tayarlaw jaqsi nátiyje beredi. Kesilgen daraq uzaq saqlanǵanda shirimewi hám qurt jemewi ushın onıń qabiǵin qirshiw hám kóleńke hámde samal tiyetuǵin jerde saqlaw tiyis. Aǵashlardıisletiw aldinan itibar menen tańlaw hám túrlew kerek. Buralǵan, putaqli aǵashlardı almawi tiyis, sebebi olardan jasalǵan buyımlar sipatsiz shiǵadi. Iǵal taxtani islew qurǵaq taxtaǵa qaraǵanda birqansha qıyın. Iǵal taxtalar kóbinshe jumıs waqtinda iǵali uship qiysayiwi múmkin. Sonıń ushın mebel, oyiq buyımlar jasawda isletiletuǵın aǵash materiallar qurǵaq bolıwı shárt.

Oqıwshilar islenetuǵin jumıstiń kólemine qarap, aǵash materiallardi, fanerlerdi túrlep alıwı lazim. Materiallardi túrlew tayarlanatuǵin buyımniń sipatli shiǵiwin támiyinleydi. Isletiletuǵın aǵash materiallar jaqsi qurǵaǵan bolsa, tap taslap buralıwı, quriwi natiyjesinde jariqlar payda boliw jaǵdaylari júz bermeydi.

Naǵıs oyiliwi kerek bolǵan buyımdi tegis halda stanokqa ornatiw birqansha qıyın. Sol sebepli onı bóleklerge ajiratip oyıw ańsat hám qolay. Oyilatuǵin buyım bólimlerin arnawli butama qisqishlar menen stanok ústine qiymildamaytuǵin etip ornatiladi. Buyım betine naǵıs túsiriwden aldin buyım betin jumsartiw ushın paxta mayi súrtiledi. Oyıw waqtinda bolsa qashawdiń ushi sabinǵa tiygizip alinadi, sonda qashaw tegis kesedi.

Ağash oymashılığı ónerinińi ájayip qásiyetlerinen biri sonda, oyiwshi usta eki qoli menen isleydi. Qashaw qálemdi shep qolina uslap, ońi qoli menen balğani uslap, qashaw dástesine urip, nağıstı kesedi. Ózbekstanda isletiletuğın oyma nağıslardıń tereńligi 2 mm den 15 mm ge shekem baradı.

Tashkent, Buxara, Qoqand, Samarqand oyiwshi ustalari buyımlardıń oyilğan gruntovkasin chekpe usilinda arnawli tikesh qashaw qálem menen tikeshlep shiğadi. Xiywa ustalari nağıs gruntovkasin tikeshlemesten tegisliginshe qaldiradi. Olar oyip tayarlanğan buyımlardıń betine qizdirilğan shigit mayin súrtedi. Bunda buyımnıń iğallıqqa hám issili-suwiqqa shidamligi artadi. Ekinshiden shigit mayi nağıs betin qaramtir etip kórsetedi. Tashkent, Qoqand, Samarqand ustalari bolsa tayar buyımlardı arnawli lak penen lakleydi.

Ağash oymashilgi ónerinde isletiletuğın j'ardemhsi materiallar hám ásbap úskenelerge tómendegilerdı kiritiw múmkin. Ağash ustashiliği jelimi, kozeyn jelimi, shigit mayi, najdak qağaz, jelimdan sıyaqlılardan paydalanıladi.

Bunnan tisqari ağash ustashiliğinda ağashti qayta islew ushın arnalğan qol hám mexanikalıq ásbaplardan da paydalanıladi.

*Ağash ustashiliği jelimi* — ağash materiallarin bir-birine jelimlew ushın isletiledi. Ağash ustashiliği jelimi gósh hám súyeklerden tayarlanadı.

*Kozeyn jelimi* — ağash oymashılığı hám ağash ustashiliğinda isletiletuğın jelim bolip, súttiń aqirği isletip bolmaytuğin bóliminen tayarlanadı. Ol untaq halinda yaki 4-12 mm li qatti dáneshe kórinisinde boladi.

*Shigit mayi* – oyilğan oyiq nağıstı beys járdeminde erik, ğoza yaki basqa ağash reńine keltirip boyalğannan soń shigit mayin paxtali látte menen isqılap súrtip shiğiladi hám 3,7 nomerli spirtli lak súrtip shiğiladi.

*Knopka* — nağıstı buyımnıń betine túsiriwde shitirlaq qağaz jiljimawi ushın oni bekkemlep qoyiwda isletiledi.

Qosimsha najdak qağaz, nazik tegis egewler isletiledi. Najdak qağazlar dánelerininń iri-maydaliğina qarap, 120 dan 180 ge shekem nomerlenedi, nomerler artip bariwi menen dáneleri maydalasip baradı, 120-140 nomerleri mayda dánesheli najdak delinedi.

IV. Sabaqti bekkemlew:

1. Qoqand, Xiywa, Tashkent hám Marǵilan ustalariniń aǵash oymashilıq jumıslari nesi menen bir-birinen pariq qıladi?

2. Ózbekstandaǵi aǵash oyiwshi ustalar óz jumıslari ushın qanday daraqlardan paydalanadi?

3. Daraqlar japiraǵina qaray qanday toparlarǵa bólinedi hám qaysi topar daraqlarinan aǵash oymashılıǵında kóbirek paydalanıladi?

4. Aǵash oymashılıǵında isletiletuǵın qanday materiallardi hám ásbap-úskenelerdi bilesiz?

V. Sabaqti juwmaqlaw: a) oqıwshılardı bahalaw hám xoshemetlew; b) úyge wazıypa — túrli daraqlardan úlgiler tayarlap keliw[11].

**Juwmaqlaw**

Ózbek xalıq ámeliy bezew óneri hám óner. Ol ásirler dawaminda ata-babalarimiz tárepinen kóz qarashiǵinday asirap abaylap kelingen xalıq ámeliy bezew óneri durdanasi bolip tabiladi.

Ásirler dawaminda arttirǵan mádeniy bayliǵimiz, xalıq ámeliy ónerinıń ayirim túrleri, olardıń ózinesay tárepleri, haqiqiiy ózbekshe atlari islew texnologiyası hám olardı jaratqan ustalarimizdińatlari áste-aqirinlıq penen umitilip barmaqta. Sonıń ushın xalıqimizdıń ásirler boyi qilǵan dóretiwshilik miyneti nátiyjesinde jaratqan tarıyxıy estelikler hám basqa ámeliy ónerin kóz qarashiǵinday saqlaw,qádirlew hám olardan paydalaniw házirgi dáwirimizdıń eń áhmiyetli waziypalardiń biri esaplanadi.

Naǵıskerlik-bezew ónerinıń tiykarǵi maqseti adamlar jasaytuǵn átirapti hám ózin orap turǵan buyimlardi suliw etiwden ibarat.Ónerdıń bul túrinde gózallıq hám gúlleniw (paydalilıq) birligi degen ibara bar. Ol buyimlardi tek turmista qollanilǵanda ǵana suliw bolıwı múmkinligin bildiredi. Hátteki, ayirim buyimlar bezewsiz bolǵanda da gózzal hám suliw bolıwı múmkin. Bunda bul buyimnıń formasi hám materiali úlken áhmiyetkeiye boladi. Ózińiz kóz aldińizǵa keltirip kóriń, usta sol dárejede ájayip bir formadaǵi, dúzilisdegi, reńdegi, bezewdegi buyimdi jaratqan. Ol hár tárepleme adamlar itibarin ózine tartadi.

Klastan tisqari jumıslardi súwret muǵallimi ózinıń jumıs ornınıń sharayatina qarap pás bálentligin esapqa alip mektep, litsey, kolledj adminstratsiyasi menen birgelikte kelisilgen, mámleket tárepinen belgilengen sorawlar saatlar tiykarinda is-rejeler duziledi.

Hár bir dógerektiń túrine qarap, oqıwshi óspirimlerdiń ózlestırıwine qarap temalar ápiwayidan quramaliǵa, ańsattan-qıyınǵa shekem qarap dúziledi. Is rejeler tiykarinda ásbap-úskeneler, h’ar qanday dógerek ushın, tańlanǵan yaki ajiratilǵan xanaǵa jaylastiriladi. Dógerekke qabıl etiw tańlaw tiykarinda shólkemlestiriledi. Dógerektiń maqseti tańlanǵan súwretlew, ámeliy ónerdın bir túrin jetik sirlarin úyretiw hám keleshekte oqıwshi óspirimge tuwri ónerdi iyellewge jollama beriwden ibarat bolıwı kerek.

Bundan tisqari súwretlew kórkem-óner muǵallimi klastan, dógerekten tisqari

shólkemlestırıwshilik ruwhiylıq jumıslarin alip bariw ushın hám jillıq bayramlar shólkemlestırıw kerek. Balalardi sayaxatqa alip bariw, muzeylerge alip bariw, hár qiyli ushirasiwlar, lektsiyalar hám temali kesheler shólkemlestırıw, klaslar arakórgizbelerdi shólkemlestırıw, ótkiziw lazim.

Xalıq ámeliy ónerinıń qaysi bir túri bomasin onıń negizinde naǵis elementlerinen dúzilgen kompozitsiya jatadi.

Naǵis kompozitsiyasinıń bezew elementleri bolsa tabiyatta ushiraytuǵin gúl, shaqa, japiraq, quslar hám haywanat dúnyasin súwretlewde payada etiledi

Hár bir walayat hám qalalardiń naǵis kompozitsiyalari bir-birinen óz-ara ajiralip turadi. Xorezm, Tashkent, Ferǵana naǵısshılıq mekteplerinıń óz ornament hám reń kolloritleri bar. Ǵáressiz naǵis dúziw barisinda stilizatsiya arqali naǵis elementlerin óz-ara biriktiredi. Naǵis bóleklerinıń waziypalari hám tegis sizilǵanliǵina itibar beriledi. Gúl,japiraq, shaqa, bofta hám qus bandlik naǵis elementlari dúziledi.

Ámeliy-bezew óneri dógereklerde teoriyalıq bilimler qisqartilǵan formada beriledi. Biraq, xalıq ámeliy óneri tariyixi, oni toeriyalıq tiykarlari, xalıq ustalari, ámeliy ónerde qollanilatuǵin jumıs qurallar hám buyimlar, materiallar,jumıs metodlari, xalıq óneri rawajlanǵan oraylar, kórkem-ónerhám úlketaniw muzeyleri, olardaǵi eksponatlar haqqinda keń maǵliwmatlar beriliwi talap etiledi.

Oqıwshilardiń pántaziyalari, bar naǵis elementlerin belgili nizam qaǵiydalarǵa ámel qilǵan halda jaylastırıwda olar belgili bilim hám tájiriybege iye boliwlarin talap etedi. Birǵana “Badam”, “Kalampir” kóshirmeleri formasinan naǵısshılıq, zergerlik, gúlálshilıq, kesteshilik, zerdozlıq sıyaqlı xalıq ámeliy ónerindehár túrli ózine mas naǵis úlgilerin jaratiw múmkin. Kompozitsiya dúziw jollari hám olardıń shiyki úlgilerin tayyarlaw naǵısshılıq, ganchkerlik, aǵash oymashilıq hám basqa ámeliy kórkem-ónertúrleri ushın uliwmalıq kóriniste, negizinde qollanilatuǵn shiyki ónimler, pardozlaw túrleri menen ajiraladi.

Tariyixda hám usi kúnlerge shekem saqlanip kiyatirǵan bul ámeliy kórkem-óner túrleri keleshekte jánede qádirlenedi. Sebebi, oyip, sizip, tirnap, boyap islengen takrarlanbas naǵıslar insan idraginiń, adam sezimlerinıń belgisi. Mısli

ağash, suyek, qara ilay, ganj hám basqalarğa jan berilgan ómir qosiği. Ómir qosiği bolsa dáwirlerden-dáwirlerge janálay beredi.

Mádeniy miyras hám joqari kórkemlik milliy dástúrdi rawajlandiriwğa onnan paydalaniw, ondaği dóretiwshilik ámeliyat metodlarin qollaniw, tabiyiy material menen islew, adamlarda ásirese, jaslarda qunt shidam, kúsh, xalıq ámeliy ónerinıń qiziqli ózine say  túrlerine tiyisli etiw maqsetine muwapiq.'

Klub orınlari qasinda ózbek xalıq ámeliy bezew óneri dógereklerin shólkemlestırıw, adamlardi, ásirese dógerek qatnasıwshılarin siyosiy idealıq hám estetikalıq ruwhda tárbiyalawda, gózallıqti seze alıwğa, kórkem-óner shığarmalarin úyreniwge, olardan lázzet alıwğa, izleniwsheńlik hám jaratiwshańlıq qábiletlerin asiriwğa, ámeliy ónerge bol'gan qiziq jumıslardi kúsheytırıwge, kásip tańlaw, kónlikpe hám dunya qarasin qáliplestırıwde áhmiyetli rol oynaydi.

Sonday eken ózbek xalıq  ámeliy bezew óneri hám onıń túrleri bolğan ganchkerlik, zergerlik, gúlálshilıq, misgerlik, ağash oymashiliğ hám basqa dogereklerde dógerek basliğI barlıq imkaniyatlardan nátiyjeli paydalanip óz jumıslarin rejeli shólkemlestırıw  hám tarbiyanıń hámme quramli bóleklerin kompleks ámelge asiriwğa erisiwi kerek.  Ózbek xalıq ámeliy óneri dógerekleri shınığıwlarininń nátiyjeliligin asiriw ushın texnika qurallarinan paydalanip kinofil`mler, diafil`mler, slaydalar, kórsetiw, ilimiy tiykarlanğan dástúrler dúziw, oqıw metodikalıq kórgizbeler tayyarlaw, ekskursiya, tańlawlar, viktorınalar ótkiziw, hazirgi zaman pedagogikalıq-psixologiyasınıń jetiskenliklerine súyengen halda shınığıwlar ótkiziw, oqıw materiallıq bazasin bekkemlew, mahalliy materiallardan paydalaniw, kórgizbeler shólkemlestırıw, kabinetlerdi zamanagóy  támiyinlew, tálim-tarbiya máselelerin nátiyjeli sheshiw  didaktikalıq printsipler, yağniy tálimnıń tarbiyalawshi printsipi, ilimiylik printsipi, turaqlilıq printsipi hám izbe-izlik, ańlilıq, aktivlik, kórgizbelilik, oqitiwdiń qatnasıwshılar kúshine, jasina sayliği hám basqa printsiplarge ámel qiliw ayiriqsha orın tutadi.

Ózbek xalıq ámeliy bezew óneri hám óner. Ol ásirler dawaminda ata-babalarimiz tárepinen kóz qarashiğinday asirap abaylap kelingen xalıq ámeliy bezew óneri durdanasi bolip tabiladi. Tariyixda hám usi kúnlerge shekem saqlanip

kiyatirǵan bul ámeliy kórkem-óner túrleri keleshekte jánede qádirlenedi. Sebebi, oyip, sizip, tirnap, boyap islengen takrarlanbas naǵıslar insan idraginiń, adam sezimleriniń belgisi. Mısli aǵash, suyek, qara ilay, ganj hám basqalarǵa jan berilgan ómir qosiǵi. Ómir qosiǵi bolsa dáwirlerden-dáwirlerge janálay beredi.

Naǵıskerlik óneri túri boyinsha shınıǵıwlarda balalar kompozitsiya isler eken eń aldi menen oni ámeliyat yaki buyimlar menen baylanistirip ámelge asiradi, yaǵniy orınlanatuǵin naǵis yaki bezewler ol yaki bul buyimnıń kórkem bezegi ushın belgilengen bolıwı lazim. Bunda balalar buyimnıń waziypasi, materiali, ólshemi, formasi sıyaqlılardi esapqa aladı. Olar buyimnıń waziypasi, formasi, materialidi esapqa alip, jol tárizli, kvadrat, úshmúyeshlik, tórtmúyeshlik, sheńber, kópmúyeshlik formalarinda kórkem bezew jumıslarin orınlaydi. Bul isler ámeliy ónerdıń túrine qarap hám eskiz, hám tuwridan-tuwri buyim maydanina islenedi.

Ásirler dawaminda arttirǵan mádeniy bayliǵimiz, xalıq ámeliy ónerinıń ayirim túrleri, olardıń ózinesay tárepleri, haqiqiiy ózbekshe atlari islew texnologiyası hám olardı jaratqan ustalarimizdińatlari áste-aqirinlıq penen umitilip barmaqta. Sonıń ushın xalıqimizdıń ásirler boyi qilǵan dóretiwshilik miyneti nátiyjesinde jaratqan tarıyxıy estelikler hám basqa ámeliy ónerin kóz qarashiǵinday saqlaw,qádirlew hám olardan paydalaniw házirgi dáwirimizdıń eń áhmiyetli waziypalardiń biri esaplanadi.

Mádeniy miyras hám joqari kórkemlik milliy dástúrdi rawajlandiriwǵa onnan paydalaniw, ondaǵi dóretiwshilik ámeliyat metodlarin qollaniw, tabiyiy material menen islew, adamlarda ásirese, jaslarda qunt shidam, kúsh, xalıq ámeliy ónerinıń qiziqli ózine say túrlerine tiyisli etiw maqsetine muwapiq.'

Klub orınlari qasinda ózbek xalıq ámeliy bezew óneri dógereklerin shólkemlestırıw, adamlardi, ásirese dógerek qatnasıwshılarin siyosiy idealıq hám estetikalıq ruwhda tárbiyalawda, gózallıqti seze alıwǵa, kórkem-óner shıǵarmalarin úyreniwge, olardan lázzet alıwǵa, izleniwsheńlik hám jaratiwshańlıq qábiletlerin asiriwǵa, ámeliy ónerge bol’gan qiziq jumıslardi kúsheytırıwge, kásip tańlaw, kónlikpe hám dunya qarasin qáliplestırıwde áhmiyetli rol oynaydi.

Sonday eken ózbek xalıq ámeliy bezew óneri hám onıń túrleri bolǵan ganchkerlik, zergerlik, gúlálshilıq, misgerlik, aǵash oymashiliǵ hám basqa dogereklerde dógerek basliǵI barlıq imkaniyatlardan nátiyjeli paydalanip óz jumıslarin rejeli shólkemlestırıw hám tarbiyanıń hámme quramli bóleklerin kompleks ámelge asiriwǵa erisiwi kerek. Ózbek xalıq ámeliy óneri dógerekleri shınıǵıwlariniń nátiyjeliligin asiriw ushın texnika qurallarinan paydalanip kinofil`mler, diafil`mler, slaydalar, kórsetiw, ilimiy tiykarlanǵan dástúrler dúziw, oqıw metodikalıq kórgizbeler tayyarlaw, ekskursiya, tańlawlar, viktorınalar ótkiziw, hazirgi zaman pedagogikalıq-psixologiyasınıń jetiskenliklerine súyengen halda shınıǵıwlar ótkiziw, oqıw materiallıq bazasin bekkemlew, mahalliy materiallardan paydalaniw, kórgizbeler shólkemlestırıw, kabinetlerdi zamanagóy támiyinlew, tálim-tarbiya máselelerin nátiyjeli sheshiw didaktikalıq printsipler, yaǵniy tálimnıń tarbiyalawshi printsipi, ilimiylik printsipi, turaqlilıq printsipi hám izbe-izlik, ańlilıq, aktivlik, kórgizbelilik, oqitiwdiń qatnasıwshılar kúshine, jasina sayliǵi hám basqa printsiplarge ámel qiliw ayiriqsha orın tutadi.

## PAYDALANǴAN ÁDEBIYATLAR

1. Kadrlar tayorlashning milliy dasturi //Barkamol avlod Ózbekston taraqqiyotining poydevori. T. Sharq, 1997.
2. Egamov H. Bóyoqlar bilan ishlash. «Óqituvchi», T., 1971.
3. Yakubovskiy A. Yu. Samarkand pri Timure i Timuridax. L., 1993.
4. Ózbek entsiklopediyasi. I-XIV tomlar, T., 1981.
5. Gulomov S. Mehnat tálimidan ruscha-ózbekcha izohli luǵat. T.: «Óqituvchi», 1988.
6. Xasanov R. Boshlanǵich sinflarda naqsh chizish metodikasi. Toshkent. Óqituvchi, 1982.
7. Xasanov.Q Naqqoshlik. T. Óqituvchi, 1990.
8. Kuzin.V. S. Voprosi izobrazitel`nogo tvorchestház. M. 1992.
9. Majidov J. Rajapov O. Maktabta tasviriy sanat talimi, samaradorligini oshirishning didaktik asoslari. T.1994 y.
10. Bulatov C. Ózbek halq ámaliy sanati T-1992
11. Qosimov Q. Naqqoshlik- T-1990
12. Bulatov M.S. Poeziya ornamenta //Iskusstvo.-Moskva. 1981
13. B. Bekbergenov. «hayal qizlar óner úyrenbekte» Erkin qaraqalpaqstan gazetasi 16-fevral` 2010 jil 4-bet
14. Avedova N.,Volkov V. Karakalpak xalik korkem oneri xakkinda // Sovet Karakalpakstani, 1950
15. Dospanov O.T. Jampik-kala - orta esirler esteligi. Nokis: Karakalpakstan. 1992.
16. Dospanov O.T. Gorodskaya kul`tura pravoberejnogo Xorezma v epoxu srednevekov`ya (po materialam gorodisha Djanpik-kala). Avtoref. diss... kand. ist. nauk.-Nukus. 1994.
17. Zabirova E.N. Novaya pedagogicheskaya texnologiya na urokax oznakomleniya s dekorativno-prikladnim iskusstvom karakalpakov. Metodicheskoe posobie. Nukus: Bilim, 1995.

| | | |
|---|---|---|
| | MAZMUNI | |
| | Kirisiw | |
| **I-BAP** | **XALIQ ÓnermentshiligiNDE NAĜISLARDIŃ ÁHMIYETI** | |
| 1.1 | Qaraqalpaq naǵisshilıq óneri tarıyxı haqqinda túsinik. | |
| 1.2 | Qaraqalpaq kesteshilik óneri. | |
| **II-BAP** | **MIYNET TÁLIMI SABAQLARINDA NAĜIS SALIW USILLARI** | |
| 2.1 | Uliwma tálim mektpelerinde dekorativ súwret salıw sabaqlariniń tárbiyalıq áhmiyeti | |
| 2.2 | Qaraqalpaq milliy naǵislariniń ózine tán ózgesheligi | |
| 2.3 | Qaraqalpaq naǵisiniń materiali hám texnikasi | |
| 2.4 | Sabaq islenbe | |
| 2.5 | Ómir qáwipsizligi | |
| | **Juwmaqlaw** | |
| | **Paydalanǵan ádebiyatlar** | |